ФIФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№89 (24.839) • 2025 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 24, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэм къызэритамкIэ

Къэхъукъащ Iэм кърикIуахэр ягъэзэкIуэж

Iуащхьэмахуэ районым хыхьэ Тырныауз къалэм уэлбанэшхуэм иужькIэ бгым ятIэпс шынагъуэр къызэрыщехым и хъыбар зэрызэхихыу а щIыпIэм кIуащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. ЩIыналъэм и Iэтащхьэр яхуэзащ Урысейм КъэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэмкIэ и министерствэм КъБР-м щиIэ Управленэ нэхъыщхьэм и унафэщI Надёжин Михаил, къэхъукъащIэм и лъэужьыр зэрагъэзэкIуэжынум теухуа зэIущIи иригъэкIуэкIащ.

БГЫМ къехуа ятIэпсым зэраныгъэу къуишар мащIэкъым, гъуэгу нэхъыщхьэм телъ лъэмыжыр зэхикъутащ. **КIуэкIуэ Казбек** цIыхухэр къыхуриджащ сакъыну икIи яжриIащ къэхъукъащIэм къиxьахэр гъэзэкIуэжыным я къару псори зэрырахьэлIэнур. А махуэм цIыхухэр пIалъэкIэ здэщыIэн щIыпIэ курыт школым къыщызэрагъэпэщащ, оперативнэ штабыр жыджэру мэлажьэ.

Надежин Михаил жиIащ къызэрымыкIуэ щытыкIэм къикIыным хуэгъэпсауэ щыIэ IэнатIэ псоми я къалэнхэр зэрагъэзащIэр, хэкIуэдаи лей къызытехьаи зэрыщымыIэр.

А махуэм республикэм и Iэтащхьэр яхуэзащ Тырныауз и школхэм ящыщ зыр пIалъэкIэ хэщIапIэ зыхуащIа цIыху тIощIым нэблагъэм. ПсэупIэ унэхэм ятIэпсым и зэран екIакъым, цIыхухэм зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр хуащIащ.

Апхуэдэу КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Интернетым щиIэ и социальнэ напэкIуэцIхэм щитхащ республикэм и район зыбжанэм щытыкIэ къызэрымыкIуэхэр зэрыщыIар.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, уэлбанэшхуэр республикэм и адрей районхэми зэран яхуэхъуащ. Апхуэдэу Шэрэдж щIыналъэм и бгылъэ щIыпIэхэм, Шэджэм аузым щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ гъуэгухэм ятIэпсыр къытрихьащ, псы Iуфэхэр гуилъэсыкIащ. КъызэрымыкIуэ щытыкIэхэм я Iэужьхэр гъэзэкIуэжынымкIэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм гъуэгухэр ягъэкъэбзэжащ. КъищынэмыщIауэ, Аруан, Май щIыналъэхэм псы Iуфэхэр щыгъэбыдэным теухуа лэжьыгъэ пыухыкIахэр щрагъэкIуэкI, - щыжеIэ республикэм и унафэщIым и тхыгъэм.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэм республикэм и цIыхухэр къыхуриджащ мыпIейтеину, сакъыну, щытыкIэ шынагъуэ къэхъумэ - 112 телефоным псэлъэну, апхуэдэуи махуэ гъунэгъухэм а лъэныкъуэхэмкIэ мыкIуэну.

Тырныауз жэщ-махуэ имыIэу щолажьэ къэхъукъащIэм кърикIуахэр зыгъэзэкIуэж IэнатIэхэр - псымрэ газымрэ цIыхухэм яIэрыгъэхьэжыным пыщIа Iуэхухэр ирагъэкIуэкI. Уэздыгъэ зэрыкIуэ кIапсэхэр зэрагъэпэщыжащ.

МахуитI хъуауэ коммунальнэ, гъуэгу IэнатIэхэм ятIэпсыр зытрихьа щIыпIэхэр ягъэкъэбзэж. Апхуэдэу щIыпIэм щыпсэухэр псыкIэ, ерыскъыхэмкIэ къызэрагъэпэщ. ДэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэр пIалъэкIэ лэжьэну къызэрагъэпэща хэщIапIэм екIуалIэ хъунущ.

Хабзэхъумэ, мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм щIыпIэм шынагъуэншагъэр къыщызэрагъэпэщ, «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и гуп щхьэхуэ хэр къалэм дэтщ.

Бахъсэн телъ лъэмыжыр зэрызэтекъутам къыхэкIыу машинэхэм я зекIуэныр нэхъ гугъущ. Ахэр иджыпсту гъуэгу щхьэхуэкIэ зокIуэ. IэщIагъэлIхэм лъэмыжым и щытыкIэр къапщыта нэужь, ар зэгъэпэщыжыным иужь ихьэнущ.

Урысейм КъэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэмкIэ и министерствэм КъБР-м щиIэ Управленэ нэхъыщхьэм и къегъэлакIуэхэр щIыпIэм щолажьэ.

«ЩытыкIэр ди нэIэм щIэтщ. Ныкъусаныгъэхэр гъэзэкIуэжыным яужь итхэм, коммунальнэ IэнатIэхэм, хабзэхъумэ органхэм, медицинэм и лэжьакIуэхэм - мы махуэхэм Тырныауз щыпсэухэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъу псоми сигуми си псэми къыбгъэдэкIыу фIыщIэ яхузощI» - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

ЦIыхубэм ящыгъупщакъым

Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 111-рэ щрикъум ирихьэлIэу пэкIу зэхэтащ. КIыщокъуэм и фэеплъым деж, гъэ къэси хуэдэу, цIыхушхуэ щызэхуэсат. Абыхэм яхэтт политикхэр, жылагъуэ Iуэху зезыхьэхэр, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэр, лъэпкъ интеллигенцэр, усакIуэм и благъэхэр, Iыхьлыхэр, ныбжьэгъухэр, и усэхэр фIыуэ зылъагъухэр.

ПЭКIУР къызэIуахыным и пэ къиxуэу, Налшык къалэм и курыт еджапIэхэм щIэсхэр къеджащ КIыщокъуэ Алим и усэхэм ящыщхэм.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин зэхыхьэр къыщызэIуихым жиIащ Алим и усэхэр цIыхубэм фIыуэ зэралъэгъуар, и IэдакъэщIэкIхэм адыгэ, союзпсо литературэхэр зэрагъэбеяр, абы къыщIэна тхыгъэхэм щIэупщIэ зэраIэр икIи ахэр ди зэманым зэрыпэджэжыр.

КIыщокъуэм и IэдакъэщIэкIхэр зыдж щIэблэм анэдэлъхубзэм и къулеигъэр, дахагъэр зыхамыщIэнкIэ, лъэпкъ литературэм, щэнхабзэм, хабзэхэм дримыгъэхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым. Алим икIи зэдзэкIакIуэ Iэзэу, урыс классикхэм я тхыгъэхэр адыгэбзэм кригъэзагъэу щытащ, - жиIащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Мысост Екатеринэ. - КIыщокъуэ Алим къыщIэна тхыгъэхэр зэIэпахыху, абы и цIэ кърaIуэху ар ящыгъупщэнукъым.

КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Беппаев МутIалип къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ Хэку зауэшхуэм зэгъусэу зэрыхэтар, ныбжьэгъугъэ пэж яку зэрыдэлъар. Ар къеджащ КIыщокъуэм теухуа усэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий жиIащ псэуху лъэпкъым хуэлэжьа КIыщокъуэм и фэеплъым гъэ къэс цIыхухэр зэрызэхуишэсыр, абы и гъащIэмрэ гуащIэмрэ, и Iуэху еплъыкIэхэр, Хэкур фIыуэ илъагъуу зэрыщытар ягу къызэрагъэкIыжыр.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

IитIыр зэрымытхьэщIмэ, зэрыщIэркъым

Зэкъуэшыгъэр гъэбыдэным, зэшхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным нэхъапэ зэрыщымыIэр, цIыхухэм я пщэдейрей махуэхэм я IуэхукIэ абыхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр игъащIэми и лъабжьэщ адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ зэхуаIэ зэпыщIэныгъэхэм.

• Дунейпсо Адыгэ Хасэ

ДИ япэ итахэм къагъэна Iущыгъэр къащIэнахэм гъуазэ зэрахуэхъум и щыхьэт дахэт Дунейпсо Адыгэ Хасэм абхъаз щIыналъэм иджыблагъэ щигъэкIуа махуэ зыбжанэр. 2025 гъэм бадзэуэгъуэм и 18 - 20-хэм Абхъазым и къалащхьэ Сыхъум ДАХ-м и чэзу зэIущIэр щызэхэтащ. Абы кърихьэлIащ АР-м, КъБР-м, КъШР-м, Ставрополь, Краснодар щIыналъэхэм, Осетие Ищхъэрэ - Аланием щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ. Апхуэдэу зэхуэсым хэтащ Тыркум, Европэм, Иорданием, Сирием, Израилым щыIэ Адыгэ Хасэхэм я унафэщIхэмрэ Iэхузехьэхэмрэ. Абхъаз-адыгэ дунейр гупсэхуу зыкIэлъыплъа Iуэхугъуэм мыхьэнэшхуэ иIэт, япэрауэ, ар щхьэхуэ хъуа абхъаз къэралыгъуэм зэрыщекIуэкIым, етIуанэрауэ, лъэпкъитIым я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэхэр къэIэтыжыным икIи егъэфIэкIуэным лъэныкъуитIри зэрыщыгугъым, ещанэрауэ, хэкурысхэмрэ хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр къызэрызэщIигъэрыуэжым.

Адыгэхэми абхъазхэми зэхуэдэ лъапIэныгъэ зрат зэхуэсым и япэ Iуэхугъуэр тхьэмадэхэм я зэIущIэмкIэ къызэIуахащ. Абхъазым и Президент Гунбэ Бадрэ иригъэблэгъащ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, АР-м, КъБР-м, КъШР-м, Абхъазым я цIыхубэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ, Абхъаз щIыналъэм щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Мэремыкъуэ Валерэ сымэ. ЗэIущIэм хэтащ Абхъазым и вице-президент Бигвавэ Беслъэн, Абхъазым и Президентым и администрацэм и унафэщI Эшбэ Беслъэн, абы и япэ къуэдзэ Шамбэ Дмитрий, вице-премьер Нанбэ Жансэхъу, Абхъазым щэнхабзэмкIэ и министр Кове Даур сымэ. ХьэщIэхэм яIущIа Гунбэ Бадрэ къыхигъэщащ адыгэхэм пщIэ зэрахуищIыр, дунейм тепхъауэ тет лъэпкъым и лIыкIуэ ДАХ-р иригъэблэгъэну зэригуапэр.

- Абхъаз щIыналъэм и щхьэхуитыныгъэм папщIэ иригъэкIуэкIа Хэку зауэм щыгъуэ Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэрыкъуэувар пщыгъупщэнкIэ Iэмал зимыIэщ. ИкIи тщыгъупщэркъым. Фыкъыткъуэтащ, фыкъыткъуэуващ, лъыгъажэр увыIэн папщIэ, хэкIыпIэу щыIэр къэвгъэсэбэпащ. Сыхуейт гугъуехь куэд дыдэкIэ гъэнщIауэ щыта а илъэсхэм евгъэкIуэкIа лэжьыгъэм папщIэ иджыри зэ фIыщIэ фхуэсщIыну. Шэч къытесхьэркъым ДАХ-м Кавказым щыпсэу лъэпкъхэр зэкъуэувэным хуэунэтIауэ лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIым - узэгурымыIуэмэ, узэрыщIэркъым, узэрымыщIэмэ, узэлъэIэсыркъым. Абы и IуэхукIэ къыхэзгъэщыну сыхуейт абхъазхэмрэ адыгэхэмрэ ди зэкъуэшыныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ гъэбыдэным хуэгъэзауэ фхузэфIэкI къызэрывмыгъанэр, ар зэрызыхэтщIэр. ИкIи ди гуапэ дыдэщ ДАХ-м и зэхуэсыр ди щIыналъэм зэрыщекIуэкIыр, ар мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ я шэсыпIэ лъэщ зэрыхъури къыхэдгъэщыну дыхуейт. Урысейр стратегие и лъэныкъуэкIэ пэжу къыдбгъэдэт ди ныбжьэгъуфIщ, дяпэкIи а зэхущытыкIэхэр зэрефIэкIуэнум шэч къытетхьэркъым, - жиIащ Абхъазым и Президент Гунбэ Бадрэ.

Бысымым и гуапагъэм пэджэжу ДАХ-м къыбгъэдэкIыу Сэхъурокъуэ Хьэутий Гунбэ Бадрэ фIыщIэ хуищIащ, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я дежкIэ Абхъазым мыхьэнэшхуэ зэриIэри къыхигъэщащ.

- Илъэс 33-м нызэрыхьэсауэ ДАХ-р хущIокъу ар зыухуа лъэпкъым и бзэмрэ щэнхабзэмрэ къызэриIэтыным икIи зэрызригъэужьыным. Ауэ абы къыщыувыIэркъым. ДАХ-м мыхьэнэшхуэ ирет къыбгъэдэс лъэпкъхэм ягурыIуэу, зэпыщIэныгъэфIхэр яхуиIэу, я зэхуакум дэлъ зэхущытыкIэхэр иригъэфIакIуэу зэрылэжьэным. Абы и IуэхукIэ Абхъазыр ДАХ-м щыщыгъупща зы махуи къыхэкIакъым, дапщэщи щIэгъэкъуэн хуэхъуну хьэзыру щытащ. Дэ дызэгъунэгъу къудейкъым, дэ зы лъабжьэ диIэщ, дызэкъуэшщ, икIи, шэч зыхэмылъыжыр аращи, ДАХ-мрэ адыгэ хэгъэгухэмрэ Абхъазым сыт щыгъуи къуэтынущ, абы и зыужьынымкIи лъэкI къигъэнэнукъым, - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

ГуапагъэкIэ гъэнщIа зэIущIэм иужькIэ, ДАХ-м хэтхэр Абхъазым и щхьэхуитыныгъэм папщIэ зи псэр зытахэм я фэеплъ сыным екIуэлIащ икIи зауэм хэкIуэдахэм дакъикъэкIэ яхуэщыгъуа нэужь, удз гъэгъахэр тралъхьащ. Псэр IэфIщ, жаIэ, ауэ хуитыныгъэр нэхъ IэфIыжу къыщIэкIынщ, псэм емыблэжу абы къыщыжыну цIыхур щытыкIэ щIиувэр. Псэм ипэ напэр, жиIащ адыгэм. ЗыхэпщIэрт фэеплъыр здэщыт щIыпIэм и Iэгъуэблагъэм нэрымылъагъу гуащIэ гуэр зэрыщызекIуэр. Упсэлъэну ухуэмейуэ, блэкIам ухэзышэж гупсысэхэм ухэтмэ, нэхъ къозыгъащтэ щытыкIэм ихуат фэеплъым деж щытхэр, а гурыщIэми зэщIиIыгъэу ДАХ-м хэтхэр зэхуэсыр щекIуэкIыну хэщIапIэм къекIуэлIэжащ.

ДАХ-м и зэхуэсым кърихьэлIащ Абхъазым и вице-премьерхэу Нанбэ Жансэхъурэ Хагбэ Тарасрэ, Абхъазым и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщI Бутбэ Саидэ, КъБР-м и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хуэIухуэщIэхэмрэ энергетикэмкIэ и комитетым и унафэщI Къумал Заурбэч, КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ пэхуэщIэхэмкIэ и министр КIурашын Анзор, АР-м лъэпкъ IуэхухэмкIэ, ди лъэпкъэгъуэхэм яхудиIэ зэпыщIэныгъэхэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Щхьэлахъуэ Аскэр, Бахъсэн къалэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и администрацэм и унафэщI Мамхэгъ Хьэчим, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм икIи хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий зэIущIэр къыщызэIуихым, къыхигъэщащ ХасащхьэмиГъэзэщIакIуэ гупми блэкIа мазищым лэжьыгъэ хъарзынэ зэрызэфIахар, ауэ абыкIэ къэувыIэ зэрымыхъунур, дунейм къыщекIуэкI Iуэхугъуэхэр къилъытэурэ адэкIи щIэгъэхуэбжьауэ лэжьэн зэрыхуейр.

- Лъэпкъ Iуэхум хуэлажьэхэр мащIэкъым, ауэ ДАХ-м хуэдэу зи пщэ къалэнышхуэ къыдэхуэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ куэд щыIэу къыщIэкIынкъым. Дэ дыщылажьэр дыщалъхуа щIыпIэхэм я закъуэкъым, атIэ далъоIэс зи псэукIэкIи зи щыIэныгъэкIи зэщхьэщыкI къэралхэм, ди лъэпкъэгъухэм дащыдэлажьэкIи, къэдмылъытэу хъуркъым ахэр щыпсэу щIыпIэхэм щытепщэ политикэри. ДэнэкIи щыпсэу ди лъэпкъэгъухэри зэгъэуIуныр ди пщэрылъ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ, ауэ къэрал зэхущытыкIэхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр едгъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм хэлъыта хъуа нэужь, нэхъыбэ зэрытхузэфIэкIынум шэч хэлъкъым.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

2025 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м Герхожан-Су псым и псыхъуэм бгым къеха ятIэпсхэр къызэрыдэуам, Прохладнэ-Азау федеральнэ автомобиль гъуэгум Бахъсэн псым и деж щытелъ автомобиль лъэмыжыр зэрикъутам, бгым къеха ятIэгъуэпсхэр зыщхьэдагъэуэх кIэнауэр, псынщIагъышхуэ иIэу газыр къаруушхуэкIэ зэрырагъакIуэ бжьамийм щыщ Iыхьэр никъуэкъутэ зэрыхъуам, Тырныауз къалэм псыр щIэуэнымкIэ шынагъуэ къызэрыкъуэкIам икIи абы дэсхэм я щыIэкIэ-псэукIэр къызэзыгъэпэщ Iэмэпсымэхэм сэкъат зэрагъуэтам къыхэкIыу «ЩIыуэпс, техноген нэщэнэм къиш къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм цIыхухэмрэ щIыналъэхэмрэ ящыхъумэным и IуэхукIэ» Федеральнэ закон №68-ФЗ-уэ 1994 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къыдэкIам, Урысей Федерацэм и Правительствэм 2003 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м «КъызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымкIэ зыуэ щыт къэрал системэм и IуэхукIэ» къыдигъэкIа унафэ №794-мрэ 2007 гъэм накъыгъэм и 21-м «ЩIыуэпс техноген нэщэнэ зиIэ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр зэрызэхагъэкIым и IуэхукIэ» къыдигъэкIа унафэ 304-мрэ, «ЩIыуэпс, техноген нэщэнэ зиIэ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм цIыхухэмрэ щIыналъэхэмрэ щыхъумэным я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №13-РЗ-уэ 2004 гъэм мэкъуауэгъуэм и 26-м къыдэкIам и 8 - 1-нэ статьям япкъ иткIэ:

1. 2025 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 00-м къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къыщымыгъэхъунымкIэ икIи апхуэдэхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжынымкIэ зыуэ щыт къэрал системэм и щIыналъэ къудамэм и къарухэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ папщIэ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм хыхьэ Тырныауз къалэм щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ къызэрымыкIуэ щытыкIэм и хабзэр щыгъэувын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къыщымыгъэхъунымкIэ икIи апхуэдэхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжынымкIэ зыуэ щыт къэрал системэм и щIыналъэ къудамэм и къарухэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ зэрыщызэщIагъэуIуэм и щIыналъэ пщалъэ гъэувын.

3. КъызэрымыкIуэ щытыкIэр гъэкIуэдыжыным ехьэлIа лэжьыгъэхэм я Iэтащхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Къуныжь М. А. гъэувын.

4. Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэм ехьэлIа IуэхухэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, щIыуэпс къулейсызыгъэхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжынымкIэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ Управленэ нэхъыщхьэм къызэригъэпэщыну хуэгъэлъэгъуэн:

гъэтIылъыпIэ зимыIэ аварие-къегъэлыныгъэ, аварие-зэфIэгъэувэжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ абы егъэщIылIа къарухэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ зэфIагъэкIхэр зэщIигъэуIуэным теухуа лэжьыгъэр;

къызэрымыкIуэ щытыкIэр къыщыхъуа щIыпIэм щыщыIэ щытыкIэмрэ абы и лъэужьхэр гъэкIуэдыжыным хуэгъэза лэжьыгъэр зэрырагъэкIуэкIымрэ теухуа хъыбархэр зэпымыууэ зэхуахьэсыныр, зэхагъэкIыныр икIи абыхэмкIэ зэхъуэжэныр.

5. Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм и мониторингымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр центрым - «Гидрометеорологиемрэ мониторингымкIэ Кавказ Ищхъэрэ управленэ» федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и къудамэм къызэригъэпэщыну хуэгъэлъэгъуэн:

Бахъсэн псым псыдзэ къыщиунымкIэ щыIэ шынагъуэм кIэлъыплъыныр, хуей хъумэ, лейуэ, гидрологие постхэр къыщызэIуахыным теухуа Iуэхур зэфIигъэкIыныр;

дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкIэм зэпымыууэ кIэлъыплъыныр, къызэрымыкIуэ щытыкIэм и мониторинг егъэкIуэкIыныр икIи ар нэхъ куу хъунымкIэ щыIэ шынагъуэр зыхуэдэр зригъэщIэныр.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу щыIэм хуэгъэлъэгъуэн жылагъуэ хабзэр яхъумэныр къызэригъэпэщыну, къызэрымыкIуэ щытыкIэ здэщыIэ щIыпIэм автомобиль техникэмрэ цIыхухэмрэ щызекIуэныр къызэпызыуд (е зэрызекIуэну щIыкIэр зыгъэув) постхэр пIалъэкIэ щагъэувыныр.

7. «Федеральнэ гъуэгу агентствэм федеральнэ автомобиль гъуэгухэмкIэ и «Кавказ» управленэ» федеральнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм хуэгъэлъэгъуэн Бахъсэн псым телъ автомобиль гъуэгу зэхэкъутар псынщIэу зэфIэгъэувэжыныр икIи Прохладнэ-Азау федеральнэ автомобиль гъуэгум бгыхэм къеха ятIэпсхэр къызытрихьа и щIыпIэхэр ягъэкъэбзэныр къызэригъэпэщыну.

8. «Газпром газ зыгуэш Налшык» акционер обществэм хуэгъэлъэгъуэн газ псынщIэу къаруушхуэкIэ зэрыкIуэ бжьамийм сэкъат зыгъуэта и щIыпIэхэр зэфIэгъэувэжыным икIэщIыпIэкIэ яужь ихьэну.

9. «Кавказ Ищхъэрэ Россетхэр» - «Къэббалъкъэнерго» акционер обществэм и къудамэм хуэгъэлъэгъуэн электрокъарур зэрыкIуэ кIапсэхэр икIэщIыпIэкIэ зэфIэгъэувэжыным хуэгъэзауэ гъэтIылъыпIэ зимыIэ лэжьыгъэхэр иригъэкIуэкIыну.

10. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIыуэпс къулеигъэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм и гъусэу зэфIигъэкIын хуейщ ятIагъуэпсхэр зыщхьэдагъэуэх кIэнауэмрэ Бахъсэн псыхъуэмрэ бгым къеха ятIэр ирагъэкъэбзыкIыным зыхуеину инженер техникэ къешэлIэным и Iуэхур.

11. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэщын хуейщ къыкъуэкIа къызэрымыкIуэ щытыкIэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэмрэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэмрэ я унафэщIхэм хъыбар ирагъэщIэныр.

12. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хыхьэ Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм хуэгъэлъэгъуэн:

управленэм и органхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымкIэ икIи апхуэдэхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжынымкIэ зыуэ щыт и къэрал системэм и щIыналъэ къудамэм и муниципальнэ Iыхьэм и къарухэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ «къызэрымыкIуэ щытыкIэ» хабзэм тету лэжьэныр къызэригъэпэщыну;

къызэрымыкIуэ щытыкIэ здэщыIэ цIыхухэр пIалъэкIэ щыпсэуну щIыпIэхэр къыхихыну, хуей хъумэ, ахэр гъэIэпхъуэным хуэгъэза Iуэхухэр егъэкIуэкIыным хуэхьэзырыну икIи а лэжьыгъэр зэфIагъэкIыным (хуей хъумэ) хуэщIауэ щытыну;

псы къабзэ цIыхухэм зэраIэрыхьэ бжьамийр зэфIэгъэувэжыным хуэгъэза Iуэхухэр икIэщIыпIэкIэ зэфIигъэкIыну;

езыхэм я унафэр щызекIуэ щIыналъэм щызэфIэувэ щытыкIэм теухуауэ къызэрымыкIуэ щытыкIэр гъэкIуэдыжыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр зи нэIэ щIэт Iэтащхьэм сыхьэтитI къэс хъыбар иригъэщIэну.

13. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм и къалэнщ къызэрымыкIуэ щытыкIэм къызэщIиубыда щIыпIэм, абы и инагъым, апхуэдэу цIыхухэмрэ щIыналъэхэмрэ я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщын папщIэ зэфIагъэкIхэм, зэрызыщахъумэ Iэмалхэмрэ щIыкIэхэмрэ, ялэжьхэм, къызэрымыкIуэ щытыкIэ здэщыIэ щIыпIэм зэрызыщаIыгъын хуей хабзэхэм ятеухуауэ хъыбарегъащIэ IэмалхэмкIэ цIыхухэм хъыбар яригъэщIэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ — КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м
№130-РГ

● ЗэIущIэхэр

ЩIэгъэкъуэныфI яхуохъу

«КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм (КъБР-м и АСМО) и правленэм и унафэщI Пэнагуэ Максим дыгъуасэ зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ волонтёр Iуэхухэм зегъэужьыным щIыпIэ унафэр зезыхьэ IуэхущIапIэхэм хуащI хэлъхьэныгъэм, муниципальнэ лэжьакIуэхэр гъэхьэзырыным хуэгъэзауэ «Эльбрус» университетым и лэжьыгъэм, нэгъуэщIхэми.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм политикэ кIуэцI Iуэхухэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ и управленэм и унафэщI Хьэсанэ Аслъэн, «Эльбрус» университетым и унафэщI Айбазовэ Тамарэ, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Асыкинэ Татьянэ, КъБР-м и Парламентым и депутат, ди хэкуэгъухэм защIэзыгъакъуэ «Ни шагу назад» волонтёр зэгухьэныгъэм и гъэзэщIакIуэ унафэщI Байсиев Темыржан, «КъБР-м волонтёр Iуэхум зыщезыгъэужь центр» АНО-м и унафэщI Гелястановэ Алимэ, КъБР-м и АСМО-м хэтхэр, районхэм я щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

Республикэм волонтёр лэжьыгъэм епхауэ щекIуэкI Iуэхухэм щытепсэлъыхьым, Асыкинэ Татьянэ къыхигъэщащ мыхьэнэшхуэ зиIэ зэхъуэкIыныгъэхэр хабзэ и лъэныкъуэкIэ зэрагъэбелджылар. Апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым 2025 гъэм накъыгъэм и 7-м къыщащтащ «КъБР-м волонтёр Iуэхур къызэрыщызэрагъэпэщ щIыкIэм теухуауэ» законыр.

- УФ-м и Президентым и унафэкIэ ягъэбелджылауэ щытащ ди къэралым щызекIуэ лъэпкъ хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэнымкIэ къэралым тегъэщIапIэ ищIыпхъэхэр. Абы къыщыгъэлъэгъуам тету догъэзащIэ щIалэгъуалэм я гъэсэныгъэмрэ волонтёр Iуэхур егъэфIэкIуэнымрэ яхуэгъэза лэжьыгъэхэр, - жиIащ абы. - Апхуэдэуи къыхэгъэщыпхъэщ «КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэм зыщегъэужьын» къэрал программэри. Абы гуэдзэн иIэщ, «ЩIалэгъуалэр щIыналъэм и социально-экономикэ Iуэхухэм хэшэн» зыфIащар. Мэкъуауэгъуэм и 30-м КъБР-м и Парламентым къыдигъэкIащ «ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэм теухуауэ» КъБР-м и законым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр. Лъэбакъуэшхуэу жыпIэ хъунущ КъБР-м и Правительствэм и унафэр - «КъБР-м волонтёр Iуэхум хэтхэм зэрызыщIагъакъуэ Iэмалхэр убзыхун» жыхуиIэр.

Республикэм а унэтIыныгъэмкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIегъэкI «КъБР-м волонтёр Iуэхум зыщезыгъэужь республикэ центр» АНО-м. Абы и къудамэхэр щолажьэ районхэми. Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым «Добро. Центр» жылагъуэ IуэхущIапIэу 6 къыщызэIуахащ. Абы епха волонтёрхэр унэтIыныгъэу 8-кIэ гуэшащ - медицинэ, социальнэ, щэнхабзэ, спорт Iуэхухэм епхауэ, ныкъуэдыкъуэхэм зэрызыщIагъакъуэм, ТекIуэныгъэ Иным, щIыуэпсыр хъумэным, щIэныгъэмрэ къэхъукъащIэ шынагъуэхэмрэ хуэгъэзауэ дэIэпыкъуэгъу хъууэ. КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэр жыджэру абыхэм ядолажьэ, щIэгъэкъуэн яхуохъу. Мы зэманым ирихьэлIэу, ди республикэм и волонтёр мин 31-рэ 17-м зыщрагъэтхащ «Добро.РФ» платформэм. 2030 гъэм ирихьэлIэу, волонтёр, жылагъуэ лэжьыгъэм ди щIалэгъуалэм я процент 45-м нэхърэ мынэхъ мащIэ драгъэхьэхыну я мурадщ.

Къэпсэлъар щхьэхуэ-щхьэхуэу къытеувыIащ «Дызэкъуэту», «Сабийр школым хуэгъэхьэзыр», «Къалэр зэIузэпэщ щIын» Iуэхухэм япкъ иткIэ волонтёрхэм зэфIагъэкIами. Лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIыми, Асыкинэ Татьянэ гугъуехьхэр зэрыщыIэми тепсэлъыхьащ. Псом япэр волонтёр лэжьыгъэм щIалэгъуалэ мащIэ зэрыхэтырщ, ахэр адэ-анэхэм зэрамыутIыпщырщ. Абы и хэкIыпIэу къигъэлъэгъуащ ныбжьыщIэхэри балигъхэри зэгъусэу Iуэхум зэрыхэшапхъэр, абы ирагъэкIуэкI Iуэхум и мыхьэнэр къыгурагъэIуэн зэрыхуейр.

«КъБР-м волонтёр Iуэхум зыщезыгъэужь республикэ центр» АНО-м и унафэщI Гелястановэ Алимэ тепсэлъыхьащ къызэрагъэпэщ Iуэху нэхъыщхьэхэм. Абыхэм ящыщщ IуэхущIапIэм и IэщIагъэлIхэр курыт школхэм зэреблагъэр, волонтёрыр зищIысым еджакIуэхэр зэрыщагъэгъуазэр. Абы Байсиев Темыржан фIыщIэ хуищIащ дзэ Iуэху хэхам ирагъэхь гуманитар дэIэпыкъуныгъэхэр къыщызэрагъэпэщкIэ щIэгъэкъуэн къазэрыхуэхъум папщIэ. Ар тепсэлъыхьащ волонтёрхэм, НКО-хэм, хьэрычэт Iуэхум папщIэ ирагъэкIуэкI «Дызэкъуэту» дунейпсо саугъэтыр зэрагъэувам и мыхьэнэм, «Призвание», «Узыншэ ухъу!» Iуэхухэм, япэ дэIэпыкъуныгъэр сымаджэм зэрырат щIыкIэм студентхэр зэрыхагъэгъуазэм, Iуэху мыхъумыщIэхэм щIалэгъуалэр щыхъумэнымкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм, «Махуэ 21-м ипкъ иткIэ IуэхуфIхэр» марафоным, «ТимЛидер 1.3» Iуэхугъуэм, нэгъуэщIхэми.

- Ди лэжьыгъэр зыхуэунэтIар щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ цIыхухэм я псэукIэмрэ егъэфIэкIуэным ехьэлIауэ щIэгъуэкъуэн дыхъунырщ, - къыхигъэщащ Гелястановэм.

ЗэIущIэм щагъэбелджылащ муниципальнэ IуэхущIапIэхэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ IэнатIэхэмрэ волонтёр зэгухьэныгъэхэм зэрадэлэжьэну щIыкIэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Iитiыр зэрымытхьэщIмэ, зэрыщIэркъым

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Ди нобэрей зэIущIэр жысIам и щыхьэтщ. Дэ дыщыхасэ Абхъазыр къэралыгъуэ зыгъуэта щIыналъэщ. Мыбы Iэджэ къуэпскIи дыкъепхащ адыгэхэр. Абхъазым и хуитыныгъэм папщIэ иригъэкIуэкIа зауэм ди щIалэхэр къезышэлIар ди адэжь-анэжьхэм къытхуагъэна уэсятырщ, ди зэхуаку дэлъ зэкъуэшыгъэрщ. ЗэрыжаIэщи, дызэкъуэтмэ, дылъэщщ. Дызэгурыlуэмэщ зыщытхъумэжыфынури, акъыл хэтлъхьэурэ дызыIууэ лъэпощхьэпохэр къызэдвгъэнэкI, ди пащхьэм къиувэ къалэнышхуэхэри акъыл зэхэдзэкIэ зэфIэдвгъэх. Абхъазым дыкъезыгъэблагъэу ДАХ-м и чэзу зэхуэсыр щедгъэкIуэкIыну Iэмал къыдэзытахэм фIыщIэшхуэ яхузощI, мы лъэбакъуэри жэрдэм щIагъуэ куэдым я ублапIэ зэрыхъунуми шэч зыми къытетхьэркъым, - жиIащ Сэхъурокъуэм.

Абхъазым и вице-премьер Нанбэ Жансэхъу къыхигъэщащ зэкъуэшыгъэм лъабжьэ быдэ щиIэм деж ар зи зэхуаку дэлъхэм шынагъэ гуэри зэрамыIэр, икIи лъэпкъитIым игъащIэми къадэгъуэгурыкIуэ жыIэгъуэмкIэ Абхъазым и Президентым и фIэхъус псалъэр къызэхуэсахэм я деж нихьэсащ:

- IитIыр зэрымытхьэщIмэ, зэрыщIэркъым, жаIэ. Нэхъыжьхэм я жыIэкIэу жыпIэмэ, адыгэхэри абхъазхэри дызыкIэтIий кIапэщ. А зы Iуэхугъуэ закъуэм зэкъуэшхэм хуэдэу дызэрызэбгъэдэтын хуейр дэтхэнэми хьэкъ къытщещI. ГъащIэм Iэджэ Iуэхуи къыщохъу, политикэми зэхъуэкIыныгъэ куэди къыщокIуэкI, ауэ дэ лъэпкъитIыр дапщэщи дызэрызэхуэщыпкъэн хуейр ди къежьапIэхэм гурыIуэгъуэ къытщащI, абыхэм дытекIи хъунукъым. Апхуэдэ еплъыкIэщ Абхъазым и Президент Гунбэ Бадрэ иIэри. Хуит сыкъэфщIмэ, абы и фIэхъус псалъэм сыкъыфхуеджэну сыхуейт.

«ПщIэ зыхуэтщI ди ныбжьэгъуфIхэ! КъызэрымыкIуэу ди гуапэщ ДАХ-м и зэIущIэр ди щIыналъэм зэрыщекIуэкIыр, ди лъэпкъхэр гъунэгъу зэхуэзыщI Iуэхугъуэ дахэр ди къалащхьэм зэрыщызэхашэр. ДАХ-м къызэпича гъуэгуанэм дроплъэжри, Абхъазым къыщыкъуэмыта махуэ къыхэдгъуатэркъым. Абы дегъэгушхуэ, абы дяпэкIи дызэрызэкъуэтынумкIэ гугъэ дегъэщI. Зи чэзу зэIущIэр Абхъаз щIыналъэм щезыгъэкIуэкI ДАХ-м лэжьыгъэ купщIафIэ кърихьэлIэну, адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ яфI зыхэлъ унафэ куэд къащтэну. ЗэIущIэм хэтхэр фефIэкIуэну, фызыхуэлажьэ лъэпкъым и дахэ куэд къэвлэжьыну си гуапэщ!»

Сэхъурокъуэ Хьэутий зи пщэрылъхэр зыгъэзэщIа къулыкъущIэм фIыщIэ хуищIри, адэкIэ зэIущIэм къыпищащ, ДАХ-м мы гъэм и япэ илъэс ныкъуэм зэфIигъэкIа лэжьыгъэмрэ къыхилъхьа жэрдэмхэмрэ тепсэлъыхьащ, Урысейм щызэхаша зэIущIэ зыбжанэм Хасэр зэрыхэтари къыхигъэщащ.

- КъызэднэкIа мазэ бжыгъэм кърикубыдэу дэ УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ советым и зэIущIэ зыбжанэм, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я ассамблеем и щIэнIуатэм дыхэтащ. ЗэрыфщIэщи, тIуми къащтэ унафэхэм Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ. Лъэпкъхэм я ассамблеем КъБР-м щиIэ щIыналъэ къудамэр жыджэру зэрылажьэр, абы ДАХ-р купщIафIэу зэрыхэтыр къыхэзгъэщыну сыхуейт. Ди хъуреягъкIэ щыпсэу лъэпкъхэм пыщIэныгъэ яхудимыIэмэ, абыхэм я гурыгъузхэр зэрызыхэтщIэр къедмыгъащIэмэ, къыткъуэмыувэжыныр зыхуэIуа щыIэкъым. Абы къыхэкIыу, Ассамблеем къалэн зыщищIыж Iуэхугъуэхэм мыхьэнэ идот. Хуабжьу сыхуейт АР-ми КъШР-ми Ассамблеем и къудамэхэр къыщызэIуахыу купщIэ зыхэлъ, цIыхубэр къызэщIэзыубыдэ Iуэхугъуэ дахэхэр ирагъэкIуэкIыну. Апхуэдэу КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и VII зэхуэсым щIэуэ хахахэм я зэIущIэм, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ, Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ пэхуэщIэхэмкIэ и министерствэхэм я Жылагъуэ зэIущIэхэм дыхэтащ, анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ зэхущытыкIэхэмрэ я IуэхукIэ диIэ гупсысэхэмкIэ дадэгуэшащ. ЩIыпIэ-щIыпIэкIэрэ щрагъэкIуэкI, адыгэ щэнхабзэмрэ жылагъуэ гъащIэмрэ мыхьэнэ щызиIэ дауэдапщэхэми дыхэтщ. Щхьэхуэу къыхэзгъэщыну сыхуейт псэзэпылъхьэпIэм ит ди щIалэхэм дазэрыпыщIар, ахэр зэи дигу зэримыхур, абыхэм я деж гъуэмылэрэ щыгъыныгъуэхэмрэ зэредгъэшар. ЗыIут IэнатIэр гурэ псэкIэ зыхыдощIэ, щIэх я унэ къагъэзэжыну дащогугъ, - жиIащ Сэхъурокъуэм.

Ар тепсэлъыхьыжащ ЕгъэджакIуэхэм я IэщIагъэр щыхагъахъуэ центрым щIыгъуу къызэрагъэпэща, адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ курыт еджапIэм щегъэджыным и IуэхукIэ зэхаша щIэнIуатэм, Дунейпсо адыгэ Iуэрытхыр зэрекIуэкIам, МэшбащIэ Исхьэкъ и ныбжьыр илъэс 95-рэ зэрырикъуам иращIэкIа махуэщI дауэдапщэхэм зэрырихьэлIам, нэгъуэщIхэми.

- Псыпэ цIыкIуурэ зэхэмылъэдэжар псышхуэу ежэхынукъым. Мы зи гугъу сщIа Iуэхугъуэхэм мыхьэнэ зимыIэ, щIэблэм я щIэжым зегъэIэтынымкIэ къару зыхэмылъ яхэткъым. Языхэзри зытеухуакIэ лъэпкъ Iуэхущ, зытраухуакIэ адыгэ Iуэхур ипэкIэ зыгъэкIуатэ цIыху щэджащэ защIэщ. ДифI дгъэлъэпIэнур, ар ину тIэтыныр ди хьэкъщи, Iэмал зэриIэкIэ гулъытэншэу зыри къызэрыдмыгъэнэнум иужь дитщ.

Сэхъурокъуэм адэкIэ Адыгэ Хасэхэм я унафэщIхэм псалъэ яритри, щхьэж и щIыпIэм щригъэкIуэкI лэжьыгъэм и гугъу ящIащ Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Мэздэгу щыIэ хасэхэм я тхьэмадэхэм. ДАХ-м и тхьэмадэм щIыпIэ хасэхэм щекIуэкI лэжьыгъэм пщIэ хуищIащ, я зэманрэ гуащIэрэ трагъэкIуадэу цIыхушхуэ зэхуэзышэс зэхьэзэхуэхэр къызэрызэрагъэпэщым щыгуфIыкIащ.

ДАХ-м хэтхэм бысым яхуэхъуа Абхъазым щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Мэремыкъуэ Валерэ и къэпсэлъэныгъэр нэхъ убгъуауэ щытащ. Ар теухуат Абхъазым и щхьэхуитыныгъэм папщIэ иригъэкIуэкIа Хэку зауэр зэрыувыIэрэ Адыгэ Хасэр зэрылажьэм, блэкIа илъэсхэм кърикубыдэу щIыпIэм щыпсэу адыгэхэр зэкъуэгъэувэнымкIэ, я пащхьэ къиувэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэфIэхыным ехьэлIа лэжьыгъэшхуэм.

- Абхъазым щыпсэу адыгэхэр мы щIыпIэм щыхьэщIэкъым. Абыхэм мы хэгъэгур псэупIэ яхуэхъуащ, унагъуэ щащI, бынхэр къащыщIохъуэ. Ди Хасэр къызэрыунэхурэ зыхуигъэувыжа къалэнхэр зэригъэзэщIэнум иужь итщ. Абыхэм ящыщщ, псалъэм и хьэтыркIэ, Абхъазым щыпсэу адыгэхэм экономикэрэ щэнхабзэрэ я лъэныкъуэкIэ я лъабжьэр мыбдеж щыгъэувыныр, къэралым и лъабжьэр гъэбыдэныр, адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэныр. Куэд тхузэфIэкIащ, ауэ нэхъыбэжи къытпэщылъщ. Абхъаз къэралыгъуэми жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми зэи гулъытэншэ дащIыркъым, апхуэдэу щыт пэтми, ди къалэнхэр нэхъыфIыжу зэфIэтхын папщIэ, тхузэфIэмыкIауэ Iуэхугъуэ гуэрхэр щыIэщ. Сыхъум Iэмалыншэу Адыгэ лъэпкъ щэнхабзэ-узэщIакIуэ центр къыщызэгъэпэщын хуейщ, ар ди хэщIапIэ нэхъыщхьэ хъун, мы хэгъэгум къиихьэ ди лъэпкъэгъухэр абы къекIуэлIэфын хуэдэу. Зы хэщIапIэ диIэмэ, абы ди мурадхэм ящыщ куэдыр нэхъ зэфIэхыгъуафIэ къытщищIынущ. ДАХ-м и чэзу зэIущIэр Абхъазым зэрыщекIуэкIым ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы ди зэпыщIэныгъэхэр къигъэщIэрэщIэжынущ, ди лъэпкъым лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызиужьыфын, ауэ и пIэм имыкIыу ит Iуэхугъуэхэри иригъэжьэнущ. Сыщогугъ ди мурадхэр къыдэхъулIэну, Лъэпкъ центрыр къызэдгъэпэщу лъэныкъуитIми ди зэхуэдэ Iуэхугъуэхэр зэфIэтхыу лэжьэн щIэддзэну, - жиIащ Мэремыкъуэ Валерэ.

- Къэралым къыдит Iэмалхэри, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я къарури хэтлъхьэу адыгэбзэр тхъумэн зэрыхуейр псоми дощIэ. Аращ ДАХ-р зэрыгъуазэ хабзэхэми япэу къагъэувыр. Абы и IуэхукIэ хъарзынэу мэлажьэ Табыщ Муратрэ Щоджэн Iэминатрэ. ИрагъэкIуэкI лэжьыгъэм къытхутепсэлъыхьамэ, игъуэ хъунут, - жиIащ Сэхъурокъуэм.

Псалъэмакъым къыпызыща Щоджэн Iэминат тепсэлъыхьащ хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм зи унафэ ищI къудамэм онлайн-еджэныгъэхэр къызэрызэригъэпэщ щIыкIэм. «Адыгэбзэр пэIудзауэ егъэджыным хуэунэтIа курсхэр ди хасэ лэжьыгъэхэм къызэрыхыхьэрэ илъэс ебланэм хыхьащ. Къыхэзгъэщынут курсхэм къыхыхьэну хуейхэм я гукъыдэжым уеплъмэ, егъэджэныгъэ лэжьыгъэр нэхъри щIэхуэбжьэну зэрыарар. Дызэрылажьэ программэхэр хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм тынш къазэрыщыхъур жысIэнут. Апхуэдэу ди лъэпкъэгъухэм адыгэбзэр зэраджын программэ Табыщ Мурат зэрызэхигъэувар, абы тещIыхьа тхылъым и зэхэлъхьэным иужь зэритыр къыхэгъэщын хуейщ. Мы гъэм ДАХ-м и дэIэпыкъуныгъэшхуэ хэлъу анэдэлъхубзэр курыт еджапIэхэм щезыгъэджхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ щIэнIуатэ къызэдгъэпэщащ, абы цIыху куэд хэтащ. ЩIэнIуатэм кърихьэлIащ КъБР-м и мызакъуэу, гъунэгъу КъШР-м и егъэджакIуэхэри. Ди лэжьыгъэр зыхуэунэтIар ди ныбжьыщIэхэращи, ди пащхьэ къиувэ лэжьыгъэхэм зэхуэдэ бгъэдыхьэкIэ къахуэдгъуэтыныр ди къалэным щыщу къыдолъытэ. Ди гуапэщ апхуэдэ еплъыкIэ лъэныкъуэ псоми зэраIэр, - жиIащ Щоджэн Iэминат.

ЗэпыщIэныгъэхэм я мыхьэнэр нэхъри IупщI мэхъу, ДАХ-м иригъэкIуэкI лэжьыгъэр щIэблэм хуэгъэзауэ зэрыщытыр къэплъытэмэ. Абы и IуэхукIэ щапхъэ дахэщ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм ирихьэлIэу Хэкум хамэщI щыпсэу адыгэ сабийхэр къызэрашэр. «Къыхэтлъхьа жэрдэмыр зэрымыуужьыхынми дыхуэщIокъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщагъэпсэхуну Тыркум сабий 22-рэ, Абхъазым - 10, мэздэгу адыгэхэм я щIалэгъуалэм щыщу - 10, АКъУ-м - 7, КъБКъУ-м – 11 къэкIуэну дапоплъэ. Ди программэр гъэнщIауэ щытынущ - адыгэбзэ курсхэм къыщегъэжьауэ лъэпкъ IэщIагъэхэр къызэщIиубыдэу, нэгузыужь зекIуэхэмрэ адыгэ джэгухэмрэ хэтынущ», - жиIащ КIурашын Андзор.

Мыхьэнэшхуэ иIащ «Хэкум и хъугъуэфIыгъуэхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Дзэмыхь Къасболэт IыхьитIу зэхигъэува и къэпсэлъэныгъэм. Япэ Iыхьэм абы Урысеймрэ Абхъазымрэ мылъку къэлэжьыным пымыщIа я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр зэрызэдэлажьэ щIыкIэм, абыхэм яхузэфIэкIамрэ къапэщылъ Iуэхугъуэхэмрэ и гугъу ищIащ. ЕтIуанэ Iыхьэр теухуат Урысеймрэ Абхъазымрэ иджырей дунейм щекIуэкI политикэ гъащIэм щаубыд увыпIэм, я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэхэм замыхъуэжын, атIэ нэхъри заубгъун папщIэ зэгъусэу къыхалъхьэ жэрдэмхэр зэдагъэзэщIэн зэрыхуейм. Дзэмыхьым къыхигъэщащ Урысейр Абхъазым и экономикэ дарэгъуу зэрыщытыр, Абхъазым къылъыкъуэкIынкIэ хъуну шынагъуэхэм ар зэрыпэувыфынур. Абы и щыхьэту Дзэмыхьым къыхигъэщащ Абхъазым и цIыхубэм щыщ куэдым Урысейм и паспортыр къызэрыдахыр.

Дзэмыхь Къасболэт и къэпсэлъэныгъэм ДАХ-м хэтхэм я гупсысэ куэд къитIэщIащ. Апхуэдэу зэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ я граждан жылагъуэ институтхэм яхузэфIэкI къамыгъанэу лъэныкъуитIыр зэзышалIэ Iуэхухэм телэжьэн, глобализацэм къишэ зэхъуэкIыныгъэхэр, геополитикэм къигъэув къалэныщIэхэр къалъытэкIэрэ щIыпIэхэм щыIэ хасэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я пащхьэ къиувэ Iуэхухэр зэблагъэкIыфу щытын зэрыхуейр.

ДАХ-м и зэIущIэр щызэхуищIыжым, Сэхъурокъуэ Хьэутий къыхигъэщащ лъэпкъым папщIэ лэжьыпхъэхэм кIэ зэрамыIэр, дапщэщи зэхъуэкIыныгъэрэ зыпэмыплъарэ къазэрыхукъуэкIынур.

- Зи Iуэху зыщIэжыр, зэпымыууэ лажьэр пэмыплъэу къыкъуэуа жыбгъэм хуиудынукъым. Дызыхуэлажьэр ди лъэпкъщи, ди лъэр щIэзыудын щыIэкъым. Нэхъыщхьэр дызэгурыIуэнырщ, зым и псалъэм адрейм гупсысэ къыхихыу лъэпкъ Iуэхур дэгъэкIынырщ. КъыхэтлъхьэфынужэрдэмхэриАбхъазымпытщIэфмэ, ифI фIэкIа, и ягъэ къэкIуэнукъым. Нэхъри дефIэкIуэну, къытпэщылъхэм я зэблэхыкIэ хъунумкIэ акъылрэ зэфIэкIрэ къытлъыкъуэкIыну си гуапэщ, - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Тхыгъэри сурэтхэри **ТАБЫЩ Мурат** *ейщ.*

ЦIыхубэм ящыгъупщакъым

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

- Дызэрыгушхуэ КIыщокъуэ Алим и гъащIэм уриплъэжмэ, адыгэ литературэм и мызакъуэу, Кавказым, Урысейм, дуней псом щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфI хуищIащ. КъызэрыгуэкI адыгэ унагъуэм къыщалъхуа усакIуэм щIэныгъи гъэсэныгъи зригъэгъуэтащ, и щIыналъэм хуэфащэу икIи хуэпэжу псэуащ. Кулиев Къайсынрэ абырэ яку дэлъа зэныбжьэгъугъэр щапхъэщ, лъэпкъитIым щыщхэм, зэгъунэгъухэм яку дэлъын хуей зэхущытыкIэмкIэ, - жиIащ Сэхъурокъуэм. - Прозэри усэри зэхуэдэу фIыуэ къызэхъулIэу щыта тхакIуэр мамыр гъащIэм, Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм я ехъулIэныгъэхэм, лъагъуныгъэм тетхыхьащ. Абы къыщIэна тхыгъэхэм дыщIапIыкI пщIэ, нэмыс, лъытэ, шыIэ тхэлъу, зэгурыIуэ ди зэхуаку дэлъу зэгъунэгъухэр дыпсэун зэрыхуейм. УсакIуэм и щIэинхэм я уасэр къэлъытэгъуейщ. Абы и лъэужьыр зымыгъэкIуэдын, и фэеплъым хуэфэщэн лъэпкъ Тхьэм дищI!

ЗэдзэкIакIуэ, радиожурналист Мэремкъул Ларисэ Москва щыщеджэм КIыщокъуэ Алим зэрызыхуимыгъэзар игу къызэреуэр къыхигъэща нэужь, тхакIуэм и тхыгъэхэм ящыщу зэридзэкIа романхэмрэ Iуэтэжхэмрэ тепсэлъыхьащ.

КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амурбий къытеувыIащ КIыщокъуэ Алим и цIэр Урысейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым я тхыдэм къызэрыхэнам, тхакIуэм и лэжьыгъэхэм щэнхабзэм, лъэпкъым и псэукIэм гулъытэ ин зэрыщыхуищIам, щIэблэм щIэиныфI къызэрыхуигъэнам, литературэм япэ лъэбакъуэ хэзычэхэм ар зэращапхъэм.

IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и къудамэу Шэджэм щIыналъэм щыIэм и унафэщI Къарэмызэ Хьэсэн тепсэлъыхьащ КIыщокъуэ Алим усакIуэшхуэу зэрыщытам къыдэкIуэу, Хэку зауэшхуэм зауэлI нэсу зэрызыкъыщигъэлъэгъуам, лIыгъэрэ хахуагъэрэ зэрыщызэрихьам. Ар яхэтащ Кърымыр, Донбассыр, Запорожьер, нэгъуэщI щIыналъэхэри щхьэхуит къэзыщIыжахэм, абы и лIыгъэр дзэ Iуэху хэхам щыIэ щIалэхэм я щапхъэщ.

Зэхыхьэр щиухым КIыщокъуэ Алим и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

Зэхуэсахэр кIуащ усакIуэшхуэр къыщалъхуа, щыщIалъхьэжа Щхьэлыкъуэ къуажэм абы и фэеплъу дэт музейм. Аращ щахъумэр усакIуэм къыщIэна хьэпшыпхэр, сурэтхэр, тхылъхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Дунейм щыхъыбархэр

Пщэрылъхэр ягъэзэщIащ

Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм щыIэ «Урысей зэкъуэт» фракцэм игъэзэщIащ УФ-м и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъазэм къыщигъэлъэгъуа къалэнхэр.

«ФРАКЦЭМ и лэжьыгъэ псор хуэунэтIауэ щытащ Урысейм и Президентым и Зэрызыхуагъазэр гъэзэщIэным, апхуэдэу партым и цIыхубэ программэм къигъэувхэр зэфIэхыным. Гугъуехь мымащIэ къытпэщытами, къалэнхэр нэсу дгъэзэщIащ», - жиIащ «Урысей зэкъуэт» партым и совет нэхъыщхьэм и секретарь Якушев Владимир.

Абы къыхигъэщащ партым и цIыхубэ программэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэ псори зыхуей хуэзэу зэфIэгъэкIыным текIуэдэну мылъкур ирикъуу къазэрыIэрыхьар.

УФ-м и Къэрал Думэм щыIэ «Урысей зэкъуэт» фракцэм и унафэщI Васильев Владимир къыщыпсалъэм къыхигъэщащ зэхуащIыж сессием и лэжьыгъэр купщIафIэу зэрекIуэкIар. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, а пIалъэм кърикубыдэу «Урысей зэкъуэт» партыр зи жэрдэмщIакIуэу щыта унафи 138-рэ къащтащ. Ар псори зэхэту зыхэплъа хабзэхэм (355-рэ) я процент 39-рэ мэхъу.

Бадзэуэгъуэм и 24,
махуэку

♦Урысейм щагъэлъапIэ Кадастр инженерым и махуэр

♦1942 гъэм нэмыцэдзэхэм Дон Iус Ростов къалэр яубыдащ икIи Кавказыр къэзэуным яужь ихьащ.

♦1940 гъэм къалъхуащ композитор, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ артист, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Даур Аслъэн**.

♦1940 гъэм къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор **Къэзан Хьэмзэт**.

♦1944 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, критик, литературэдж, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъут Iэдэм**.

♦1961 гъэм къалъхуащ Адыгейм щыщ усакIуэ, тхакIуэ, драматург **Хъунэгу Саидэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 31 - 33-рэ, жэщым градус 23 - 24-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 25,
мэрем

♦1886 гъэм къалъхуащ Иорданием щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, юстицэмкIэ министру, депутату, Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Хьикмэт (МафIэдз) Умар**.

♦1917 гъэм къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Ахъмэт Мухьэдин**.

♦1936 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академикыу щыта, Адыгейм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хъут Шэмсэдин**.

♦1948 гъэм къалъхуащ АР-м и къэрал лэжьакIуэ, журналист, политикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор **КIэрашэ Аслъэнбэч**.

♦1949 гъэм къалъхуащ географие щIэныгъэхэмкIэ доктор, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Болэ Владислав**.

♦1972 гъэм къалъхуащ АР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Шапсугия» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Ныбэ Анзор**.

♦1983 гъэм къалъхуащ боксёр, Олимп джэгухэм жэз медаль къыщызыхьа, Урысейм бокс спорт лIэужьыгъуэмкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Хърачэ Мурат**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 22 - 23-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Мыущий ущиикIэкIэ Iэзэщ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Бзэхабзэ политикэм халъхьа зэхъуэкІынығъэхэр

Бадзэуэгъуэм и 11-м УФ-м и Президент Путин Владимир «Бзэм епха политикэм и тегъэщІапІэхэр» дэфтэрым Іэ щІидзащ. Къэралым щызекІуэ лъэпкъыбзэхэм ятеухуауэ щыІэ унафэхэр зыгурыдогъаІуэ.

- УФ-м и Конституцэм ипкъ иткІэ, къэралым хиубыдэ республикэхэр хуитщ езыхэм я къэралыбзэ ягъэувыжыну, ар къэралыбзэ нэхъыщхьэу щыт урысыбзэм и гъусэу къагъэщхьэпэну.

- УФ-м щызекІуэ бзэ псоми къэралым гъуэгу ярет.

- УФ-м и цІыху псори хуитщ я анэдэлъхубзэр къагъэсэбэпыну. Анэдэлъхубзэу къалъытэ УФ-м щызекІуэ бзэхэм ящыщу зы е тІу, къэралыбзэу щыт урысыбзэри яхэту. КъинэмыщІауэ, анэдэлъхубзэу къалъытэ цІыхум, щыпсэу щІыпІэм елъытауэ, зэрысабийрэ ищІэр, езым зызыхибжэж лъэпкъым и бзэр.

- Конституцэм ипкъ иткІэ, УФ-м къалэн зыщещІыж къэралыбзэу щыт урысыбзэми, УФ-м ис лъэпкъ щхьэхуэхэм я къэралыбзэхэми, адрей лъэпкъхэм я бзэхэми заужьыну Іэмал езыт экономикэ къызэригъэпэщыну. Къэралым щхьэж и анэдэлъхубзэр къигъэсэбэпыну хуит ещІ. Дэтхэнэ цІыхуми щІэныгъэ зэрызригъэгъуэтыну, зэреджэну, и зэчийм зэрызригъэужьыну, гъэсэныгъэ зэрызыхилъхьэну бзэр къыхихыжыну хуитщ. КъинэмыщІауэ, къэралыр лъэпкъ псоми ядоІэпыкъу ар къыхэзыгъэщ бзэри щэнхабзэри яхъумэнымкІэ, ардыдэмкІэ лъэпкъ мащІэхэми защІегъакъуэ.

Къэралым къалэн зыщещІыж «Урысейм хиубыдэ лъэпкъхэм, псом хуэмыдэу лъэпкъ мащІэхэм, я бзэхэр хъумэныр, абыхэм зегъэужьынымрэ зыщІагъэкъуэнымрэ, я зэщхьэщыкІыныгъэр къызэтегъэнэныр, ар лъэпкъ щхьэхуэм и хъугъуэфІыгъуэу, Урысейр щІэгушхуэ тхыдэ-щэнхабзэ лъапІэныгъэу къызэрилъытэм къыхэкІыу.

- ЦІыху псори зэхуэдэщ зэрыпсалъэ бзэм, къызыхэкІа расэм, щыпсэу щІыпІэм, бгъэдэлъ мылъкум, иІыгъ къулыкъум, зыхэт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, зэрихьэ диным емылъытауэ.

Дэфтэрым гулъытэ ирет урысыбзэр хамэбзэхэм къыхэкІа псалъэ куэдым щахъумэным. Бзэ псоми зыужьыныгъэ етын мурадым епхауэ, къэралым и пщэ делъхьэж абыхэм экономикэ и лъэныкъуэкІи защІигъэкъуэныр, бзэ щхьэхуэхэмкІэ дунейм къытехьа тхыгъэхэр цІыхубэм яІэригъэхьэныр, ахэр хэІущІыІу щІыныр. Къэралым и нэІэ тригъэтынущ дэтхэнэ лъэпкъыбзэри интернетым къыщагъэщхьэпэфын хуэдэу, компьютерхэм абыхэм я алыфбейхэр зэрытрагъэувэм, программэхэр лъэпкъыбзэхэм яхуэгъэлажьэу ящІыным, дэтхэнэ зы бзэми и Іуэху зыІутыр наІуэ къэщІыным, тхыбзэ къэс и грамматикэр зыхуей хуэгъэзэным, къинэмыщІхэм. Гу зылъытапхъэ Іыхьэщ бзэм и Іуэху зезыхуэ ІуэхущІапІэхэм, псом хуэмыдэу печатымрэ электрон ІэмалкІэ лажьэхэмрэ хуитыныгъэ нэхъыбэ зэрыратым: «Печатымрэ электрон ІэмалкІэ цІыхубэм я дежкІэ мыхьэнэ зиІэ программэхэр къызэзыгъэпэщ, зыгъэбагъуэ, зезыгъэубгъу ІуэхущІапІэхэм Интернет зэпыщІапІэм щадэІэпыкъупхъэщ егъэджэныгъэм, зыужьыныгъэ мыхьэнэ зиІэ сайтхэр УФ-м щызекІуэ бзэхэмкІэ ягъэкІуэтэнымкІэ, апхуэдэ дыдэу зегъэубгъупхъэщ УФ-м щызекІуэ бзэхэмкІэ лажьэ радио, телепрограммэхэм».

Дауи, а псори жыжьэрэ гъунэгъуу лъэщІыхьэркъым урысыбзэм къылъыс гулъытэм. Псалъэм папщІэ, лъэпкъыбзэкІэ ятхар урысыбзэкІэ зэрадзэкІын зэрыхуейм гулъытэшхуэ хуещІ дэфтэрым, ауэ нэгъуэщІыбзэм кърахыу лъэпкъыбзэкІэ зэрадзэкІынухэм я гугъу ящІыркъым. КъинэмыщІауэ, цІыхушхуэ игъэпІейтеящ урысыбзэр «анэдэлъхубзэ» лІэужьыгъуэм зэрыхагъэхьар, зи гугъу ящІхэр мыурысу щытми. Ар къыхагъэщу къэпсэлъахэм жэуап ярытыжащ УФ-м и Президентым и чэнджэщэгъу Ямпольская Еленэ: «Псоми ялъагъу УФ-м и Президентым гуэту лажьэ Урысыбзэмрэ УФ-м щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэмрэ епха политикэм зегъэубгъунымкІэ советым ди къэралым щызекІуэ лъэпкъыбзэхэм я зыужьыныгъэм урысыбзэм ейм иратым хуэдизыбзэ гулъытэ зэрыратыр... Дэ дыщыпсэур Урысейрщ, дэ тщыщ куэдым анэдэлъхубзэ щхьэхуэхэр диІэжщ, абы нэмыщІ псори дызэзыпх, ди зэхуэдэ Хэкум къыпхугуэмыхын урысыбзэри диІэщ. «Бгырысым срикъуэрэ пэт, гурэ псэкІэ а бзэ щэджащэр си анэдэлъхубзэу къызолъытэ», - жиІауэ щытащ Гамзатов Расул абы теухуауэ. Ауэ бзэхэр зыр адрейм щІыпэщІэбгъэувэн е урысыбзэм мыхьэнэ щхьэхуэ зэриІэр умылъагъу нэпцІ зыщІэпщІын щыІэкъым».

Усыгъэм и гъуэгу дэгъэзеигъуэр



Иджырей урыс литературэм увыпІэ лъагэ щызыубыд усакІуэ Бродский Иосиф илъэс 85-рэ ирикъуащ. Ар гулъытэншэу къэбгъанэ щІэмыхъуну щхьэусыгъуэр и щІалэгъуэм къэралым ирахуа усакІуэм иужькІэ Нобель и саугъэтыр къыщІыхуагъэфэщэн Іэзагъ къызэрищтам и закъуэкъым.

БРОДСКИЙ Иосиф Ахматовэ Аннэ и жьауэм щІэту къыдэкІуэтея усакІуэ зыбжанэм ящыщщ. Къыщыхъуар блокадэр зылъэгъуа Ленинградщ, къызыхэкІар журт унагъуэщ. Хы офицеру, фотокорреспонденту щыта и адэр зауэм хэтащ, и анэр, сабий къалъхугъащІэр ІэщІэлъу, къалэм ишэча бэлыхь псоми пхыкІащ.

УсакІуэ цІэрыІуэм хуэбгъэфэщэфын гъуэгу тыншым ирикІуакъым Бродскэр. Школыр къимыухыу, ебланэ классым къыщІэкІыжри, щІалэр «Арсенал» заводым фрезеровщикыу уващ япэщІыкІэ. ИужькІэ хьэкухэр игъэплъу лэжьащ, дунейм ехыжахэр щІалъхьэн ипэ зыщІэлъ моргми зэман зыбжанэ щигъэкІуащ, сурэт техынми щыхэпсэукІа къыхуихуащ. ІэщІагъэ зыфІэпщыфыну нэхъ зыхэтар геолог зекІуэхэрщ, КъуэкІыпІэ Жыжьэм уран къыщызылъыхьуа гупым я гъусэу къэралыр къыщызэхикІухьам щыгъуэ.

Курыт школым къыщІэкІыжа щІалэм «емыджэфаи» фІэпщыфынущ, ауэ щыхъукІэ, иджы абы и ІэдакъэщІэкІхэр еджапІэхэм щадж. Ди еджэгъуэ лъэхъэнэр щапхъэу къэсщтэнщи, тхылъу умыгъуэт Бродскэм и усэхэр напэ зырызурэ къиттхыкІыу зетхьэу щытащ.

Бродскэм и цІэр хуабжьу щыІуар 60 гъэхэрщ. Къалэшхуэхэм хабзэу щызекІуэрт усакІуэхэр стадионхэм, пшыхьхэм щызэхуэсурэ, цІыхухэм я пащхьэм макъкІэ усэ къыщеджэу. Тебгъэчыныхьыну гугъущ, ауэ Ахматовэ Аннэ гъуазэ хуэхъуауэ щытми, Бродскэр хабзэхъумэхэм я нэм къыщІыфІэнар ардыдэм къыхэкІагъэнущ. Сыту жыпІэмэ, куэд щІатэкъым лажьэ зимыІэ езы Ахматовэрэ Зощенкэрэ зыгъэпуд тхыгъэхэр печатым къызэрытехуэрэ.

1963 гъэм Хрущёв Никитэ КПСС-м и Комитет Нэхъыщхьэм и пленумым къыщыпсалъэрэ пэт, мыпхуэдэу жеІэ: «Хуэмыхухэр, гъащІэм хуэщхьэхынэхэр, псэкІэ никъуэдыкъуэхэр, тхьэусыхэрейхэр утыкум ирекІ». Мис апхуэдэ «унафэ» гъэзэщІэкІэрщ къызыхэкІар Бродскэр хагъэзыхьыныр. ЩІалэм и усэхэр Іэрытхыу къыдагъэкІ «Синтаксис» журналым къытехуакІэт. Ауэ хабзэхъумэхэм гу къылъезыгъэтар усакІуэм и жагъуэгъу бзэгу зыхьарщ. «Ленинград пшыхь» газетым 1963 гъэм «Литературэ бжьапцІэхэр» зыфІаща тхыгъэ къытохуэ. Бродскэм теухуауэ ящІэхэр ауан щІэлъу ягъэкІэрахъуэу, и усэхэм къарымыкІ мыхьэнэ кІэралъхьэу, сатыр щхьэхуэхэр къыхапхъуэтыкІауэ, и напэр щытрахырт абы. ПцІы тралъхьэу ягъэпудын унафэр зэрыщыІэр наІуэу, щІалэр утыкум щагъэулъийрт. Аращ Ахматовэ щІыжиІар: «Мы ди щхьэц плъыжьым сыт хуэдэ биографие хуащІыну зыхуейр?» НатІэрыуапІэ зэрыхъуар гурыІуэгъуэти, Бродскэм зыкъомрэ фэтэрхэр ихъуэжурэ зигъэпщкІуащ, арщхьэкІэ 1964 гъэм ягъэтІысри, суд тращІыхьащ, зэрымылажьэм щхьэкІэ ягъэкъуаншэу. Ауэ пэжыр а зэманми щыІащ. Судыр зэрекІуэкІа щІыкІэр зы псалъэ димыгъэхуу зытхыжа Вигдоровэ Фридэ и фІыгъэкІэ, ар дуней псом хэІущІыІу щыхъури, Бродскэм и пщІэр къэралым и гъунапкъэм икІащ.

- Сыт хуэдэ Іуэху зепхуэр? - къоупщІ усакІуэм хеящІэр.

- Усэ сотх. ЗызодзэкІ. Си гугъэмкІэ...

- «Си гугъэ» къыщІыхэхуэн щыІэкъым. Захуэу зэфІэувэ. Блыным зыкІэрумыгъащІэ. Узыпэрыт ІэнатІэ уиІэ, махуэ къэс уекІуалІэу?

- Си лэжьыгъэр апхуэдэу къысщыхъурт.

- Зэрыщыт дыдэр жыІэ!

- Усэ стхырт, ахэр традзэну сыщыгугъыу. Сэ сызэреплъымкІэ...

- Уэ узэреплъым дыхуейкъым дэ! УщІэмылэжьар жыІэ!

- Сэ сылажьэрт. Усэ стхырт.

- Дэ абы дыхуейкъым...

Уэчылхэм судым и фІэщ ящІыфакъым усэ тхыныр лэжьыгъэу, узэрытхэм лэжьыгъэм зыщумыдзейуэ къикІыу, арати, усакІуэр илъэситхукІэ Ленинград ирагъэкІауэ щытащ, лэжьыгъэ хьэлъэхэр тезыру къытралъхьэу.

Сыт хуэдизу дымыгъэкІэщІми, мы тхыгъэм тхуигъэхуэнукъым щІалэр зи акъыл зыфІэкІуэдахэр щагъэхъуж сымаджэщым зэрыщІэлъари, къэралым икІын зэрыхуейр къызэрыжраІэпари, и анэр и деж ирамыгъашэу, хуитыныгъэ къащыІэрыхьэну махуэм ипэ къиххуэу и псэр зэрыхэкІари, апхуэдэ дыдэу и адэр зэрамыгъэлъагъужари. Ауэ апщІондэху и зэхэщІыкІэмрэ и усэбзэмрэ зэрыубыдащ, ипэжыпІэкІи бэлыхьым Іущ ищІащ зыхужаІэ усакІуэщ Бродскэр.

Перестройкэ нэужьым, Америкэм щыпсэу усакІуэр Рейган деж еблэгъа Горбачевым хуагъэзауэ щытащ, апхуэдизкІэ и пщІэр дэуеяти. Нобель и цІэр зезыхьэ саугъэтыр къыщратым, апхуэдэ дыдэ саугъэт зыхуагъэфэщауэ щыта, ауэ къэралым къызэрыхуимыдэм къыхэкІыу, къеІыхыпІэ зрамыта Пастернак и данэ пщэдэлъыр зыдилъхьауэ щытащ Бродскэм.

Мыбы и усэхэр гурыІуэгъуафІэу щыткъым. Ауэ ахэр уигу ирихь-иримыхьым емылъытауэ, цІыхупсэр хуит ищІын къару литературэм зэриІэр сыт щыгъуи къыхощ Бродскэм и ІэдакъэщІэкІхэм. Ар зытетар ІупщІ дыдэу къегъэлъагъуэ цІэрыІуэ хъуа и жыІэгъуэхэм я зым: «Усэ емыджэ жылагъуэм и псэлъэкІэр апхуэдизкІэ дохуэхри, япэ къэс пцІыІуэпцІышэм е лейзехьэм ІэщІэхуэныр тынш дыдэ мэхъу».

Лъы тыи гъащІэр къегъэл!

Районхэм зэдай, узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеІэзэ сымаджэщым и Лэскэн къудамэм лъы тыным теухуа акцэ щекІуэкІащ. «Лъы тыи гъащІэр къегъэл!» Іуэху щхьэпэм хэтащ цІыху 30-м нэблагъэ.

ІУЭХУЩІАПІЭ зэмылІэужьыгъуэхэм, Урысей МВД-м и Лэскэн къудамэм и ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэр абы къекІуэлІащ. Яхэтт сыт щыгъуи лъы тыным хэтхэр, иджы япэу Іуэху щхьэпэм къыхыхьахэр. Къызэрыхагъэщащи, абыхэм ящыщ куэд Іуоуэ щытыкІэ гугъу ихуахэм икІи къагуроІуэ донорхэм ят лъыр гъащІэмкІэ Іэмал имыІэу зэрырыщытыр.

Лъы хуэныкъуэ мэхъу аварием хэхуэу фэбжь шынагъуэ зыгъуэтахэр, мафІэсым и зэран зэкІахэр, уІэгъэ хъуахэр, операцэ хьэлъэхэми къыщагъэсэбэп.

Полицэм и лэжьакІуэхэм шэч къытрахьэркъым абыхэм я щапхъэм республикэм щыпсэу адрейхэри Іуэхум зэрытрагъэгушхуэнум.

БАХЪСЭН Ланэ.

● ГъэщІэгъуэнщ

Пасэрей адыгэмрэ нобэрей хъымрэ

Уафэр щымыджэмыпцІэу, щІылъэр щызэпцІагъащІэм дунейр ХЪЫКІЭ яухуэрт, жеІэ адыгэ ІуэрыІуатэм. Мы жыІэгъуэр илъэс мин бжыгъэ хъуауэ лъэпкъым къызэрыддекІуэкІым шэч хэлъкъым, сыту жыпІэмэ ар хъыбарыжьхэми эпосми къыхощ. А псалъэ дыдэхэмкІи кърегъажьэ дунейр къызэригъэщІам теухуауэ илъэс 3200-кІэ узэІэбэкІыжмэ, пасэрей Бабылейм (Вавилон) щатхауэ щыта «Энума Элиш» поэмэр. Ауэ, дунейр зэраухуэ «хъым» къикІыр ди щІэныгъэлІхэм къагурымыІуэу нобэм къэсащ. Иджы дыдэщ а псалъэм къикІынкІэ хъунур наІуэ къыщыхъуари...

ЩІЭНЫГЪЭЛІХЭМ къызэралъытамкІэ, Уахэ жыжьэр къэунэхуащ зыри здэщымыІэ хьэрш нэщІыр къэуа нэужь. Абы щыгъуэ зэщІэхьея гуащІэм къикІыкІащ нобэ жэщ уафэм щытлъагъу вагъуэхэри, вагъуэщІхэри, дыгъэри, дымылъагъуу жыжьэ щыІэри, зэманри. Ар апхуэдизкІэ къэхъугъэ гъуэзэджэт, гуащІэшхуэ къызыпкърыкІати, хьэршым къыщыунэхуа псори зэбгрипхъауэ, цІыхум и нэгу къыхущІэмыгъэхьэну псынщІэу нобэр къыздэсым зэбгролъэт.

АрщхьэкІэ, математикхэм къызэрабжамкІэ, илъэс мелард бжыгъэкІэ узэІэбэкІыжмэ, Хьэршыр къэуа нэужь, Уахэм игъуэта хьэлъагъэм и зэхуэдищыр зыщІыпІэ бзэхат. Астрономхэр куэд щІауэ йогупсыс а Іыхьэ щанэр здэкІуам. КъызэрыщІэкІамкІэ, галактикэхэр зэпищІэу хьэршым итщ гъуэз гъэплъа. Бэджым хъы зэриджыр уи нэгу къыщІэбгъэхьэмэ, гурыІуэгъуэ мэхъу дызытепсэлъыхьыр зищІысри - галактикэхэр зэрипхыу, зэфІэзымыгъэкІуэд гъуэзырщ астрономхэм «яфІэкІуэда» Уахэм и Іыхьэ щанэр зыхэлъыр.

Хуагъэфащэ мыхъумэ, абы щыхьэт техъуэ гуэри къахуэмыгъуэту къэгъуэгурыкІуащ щІэныгъэлІхэр. Дауи, а гъуэзыр къаблэркъым вагъуэм хуэдэу. Ауэ иджыблагъэ астрономхэм къахутам и закъуэ мыхъуу, дызытепсэлъыхь гъуэзым и зэхэлъыкІэри, зэрылажьэри къащІащ. Техникэр здынэплъысыфым тепщІыхьмэ, хъым галактикэ 8000 зэпещІэ, градус мелуани 10 и пщтырагъщ, нэху илъэс мелуан 23-рэ и кІыхьагъщ. Ар хуэбгъадэ хъунущ Шыхулъагъуэм и зы кІапэм къыщыщІэдзауэ адрейм нэс 280-рэ урижэным.

А псори къахутащ Европэмрэ Япониемрэ щызэпкъралъхьа, Уахэм рентген сурэт тезых телескопитІым я фІыгъэкІэ.

Бонн университетым и лэжьакІуэ Пакэ Флориан зэрыжиІэмкІэ, илъэси 10 - 20-кІэ узэІэбэкІыжмэ, щІэныгъэлІхэм къагурыІуат апхуэдэ гуэр хьэршым зэрыщыІэр, ауэ я псалъэм щыхьэт техъуэн къэхутэныгъи къахуэгъуэтакъым.

- Уахэ жыжьэм и ухуэкІэм и закъуэ мыхъуу, ар зэрызэІылъыр тщІэнымкІэ къэхутэныгъэшхуэщ зи гугъу тщІыр. Хьэршым иту хъуар зэпищІэу, зэригъащІэу хъы абрагъуэ щыІэщ. ЖыпІэ хъунущ абыкІэ псори джауэ, зэщІиІыгъэу. Нэхъапэм я гугъэу щыташ гуащІэ нэхумрэ гуащІэ фІыцІэмкІэ хьэршыр зэІылъу. Иджы къэунэхуащ ещанэ пкъыгъуэу уахэ жыжьэр зэрызэІылъыр - а псори зэрызэпхыжа хъы нэрымылъагъур. ВагъуэщІэхэмрэ галактикэщІэхэмрэ къыщоунэху а хъым и быдапІэ дыдэхэм деж икІи зэи зэрымыгъэкІуэду зэрыІыгъщ. А гъуэз-кІапсэ нэрымылъагъур сыт хуэдизу хыумышми, зэпычыркъым, - жеІэ щІэныгъэлІым.

Абдежым къыщызэтеувыІэркъым къэхутэныгъэхэр... Зи гугъу тщІа телескопхэм къызэхуахьэса къэхутэныгъэхэр кууу яджынурэ, галактикэхэр уахэм зэригуэша хабзэхэр, абыхэм къакІуа гъуэгуанэр зыхуэдэр, кІуэ пэтми нэхъ жыжьэжу зэбгрипхъ хьэршым къыщекІуэкІ Іуэхугъуэхэр яджыну загъэхьэзыр астрономхэм.

Дэ, адыгэхэр, дыкъызытехъукІа хьэтхэм къащІэна дыщэ тажымрэ «хьэт дыгъэмкІэ» дгъэзэжынщи, ахэр зэрыбла хъы сурэтыр ди нэгу къыщІэдгъэхьэжынщ, «Уафэр щымыджэмыпцІэу, щІылъэр щызэпцІагъащІэм дунейр хъыкІэ яухуэрт» жыІэгъуэр дигу къэдгъэкІыжынщи, дызэупщІыжынщ: дэнэт пасэрей адыгэм дунейр хъыкІэ зэрыухуар щищІэр? Сыт хуэдэ щІэныгъэрэ зэхэщІыкІрэ бгъэдэлъа мы жыІэгъуэр япэу къэзыпсэлъам? Сыт и ныбжь уафэр щымыджэмыпцІэу щІылъэр щызэпцІагъащІэм нэплъыса лъэпкъым?

ФЫРЭ Анфисэ.



«Тегеран-43» фильмыр дигу къыдогъэкІыж

Мы гъэм илъэс 45-рэ ирокъу СССР-м, Швейцарием, Франджым зэгъусэу ягъэуващ щыта «Тегеран-43» фильмыр дунейм къызэрытехьэрэ. Ди къэралым и закъуэ абы цІыху мелуан 50-м щІигъу щеплъащ, ар къагъэлъэгъуэн хуитыныгъэр къэрал пщІы бжыгъэхэм ящэхуауэ щытащ, нобэми хуащІ гулъытэр кІэрыхуакъым.

ФИЛЬМЫР политикэ детектив жыхуаІэ жыпхъэм итщ, зыгъэувар Наумов Владимиррэ Алов Александррэщ. Ардыдэхэм Шатров Михаил я гъусэу сценарийри зэхалъхьауэ щытащ. ИпэжыпІэкІэ къэхъуа Іуэхугъуэхэр лъабжьэ зыхуэхъуа фильмыр щІэщыгъуэу зэрызэхагъэувам нэмыщІ, кино къэгупсысамрэ тхыдэ теплъэгъуэхэмрэ щызэхэухуэнауэ апхуэдэщ. И фІэщыгъэм зэрыжиІэщи, ар зытращІыхьар 1943 гъэм, Хэку зауэшхуэм и курыкупсэм, СССР-м, Инджылызым, Америкэм я лІыщхьэхэр Ираным и щыхьэр Тегеран зэрыщызэхуэзарщ. Абыхэм я мурадым щыгъуазэ ящІа Гитлер а щыр яригъэукІыну хэту, тІасхъэщІэх гуп игъэхьэзырат, ауэ совет кІэлъыплъакІуэхэм къыщІагъэщри, я мурадхэр кърагъэхъулІакъым. ІэкІуэлъакІуащэу зэхагъэува сюжетыр къэралищым щокІуэкІ, дуней псом щыцІэрыІуэ артистхэри хэтщ. ЦІыхубзищ къудейщ фильм псом щыджэгур, абыхэм ящыщу тІум я ролхэр зыгъэзэщІар режиссёр Наумовым и щхьэгъусэ Белохвостиковэ Натальещ. КъинэмыщІауэ, фильмым совет тІасхъэщІэхыу щыджэгуащ Костолевский Игорь (Бородин Андрей). Франджы актёр цІэрыІуэ Делон Ален, Голливудым и вагъуэ Юргенс Курт, Джигарханян Армен, Филозов Альберт - апхуэдиз артист цІэрыІуэ щызэтрихьат ІыхьитІ фІэкІа мыхъу детективым. Зи пщІэр щІэх емыхуэхын теплъэгъуэ къайхъулІащ абы елэжьахэм. Сыт и уасэ Наумовым и лъэІукІэ фильмым и закъуэ хухэхауэ франджы уэрэджыІакІуэ, уэрэдус Азнавур Шарль «ЛъагъуныгъэкІэ гъэнщІа гъащІэ» уэрэдыр зэрызэхилъхьар. ИужькІэ ар урысыбзэкІи, нэгъуэщІ бзэ куэдкІи зэрадзэкІыжащ, и дахагъым зэманым хигъахъуэ фІэкІа, хэщІыркъым.

Куэдрэ фильмым къыхохуэ Сталин Иосиф зыхэт видео пычыгъуэхэр. Тегеран щекІуэкІа зэІущІэрщ Черчилль Уинстон «Сталинград зыхъумахэм я лІыгъэм пщІэ хуэзыщІ» псалъэхэр тетхауэ, инджылыз лъэпкъым къыбгъэдэкІыу, пащтыхь Георг IV и цІэкІэ, мывэ лъапІэхэмкІэ гъэщІэрэщІа маисэр Сталиным щритар. Фильмым Іэзэу щагъэкІэрахъуэ зэІущІэр зытраухуа щэкІуэгъуэм и 30-р Черчилль къыщалъхуа махуэу зэрыщытари. Кино пычыгъуэхэмрэ документ съемкэхэмрэ апхуэдизкІэ Іэзэу зэхагъэувати, артистхэмрэ тхыдэ теплъэгъуэхэмрэ зэхэту фІэкІа къыпщыхъуртэкъым.

Наумовым зэрыжиІэжамкІэ, фильмыр Нью-Йорк, Лондон, Париж, Берлин щытрахащ, ауэ Тегеран зэрымыкІуэфынум къыхэкІыу, а къалэм и теплъэр «Мосфильм»-м щызэфІагъэуват, Іыхьэ гуэрхэр Баку щытраха хуэдэуи жызыІэ щыІэщ.

Зауэм цІыхупсэм къытринэ фэбжьхэрщ мы фильмым уигу къигъэкІыр. Ар «лъагъуныгъэм теухуащ» пхужыІэн папщІэ, а гухэлъыр къэхъуауэ, щыІауэ, зи гугъу ящІ цІыхуитІыр зэплъэкІыжмэ, къащІэжын гуэр ягъэунэхуауэ щытын хуейкъэ? Луни Марирэ Бородин Андрейрэ я гуращэхэр гуращэу къэнэжащ, зауэм нэмыщІамэ, нэгъуэщІ насыпкІэ гугъэ хъун хуэдэу уи фІэщ ящІми. Хэку лъагъуныгъэмрэ цІыхум зыхищІэ гурыщІэмрэ щызэпэщІагъэувэу, егъэлеяуэ куущ режиссёрхэм ди пащхьэ кърагъэхьа гупсысэхэр. Персыбзэ зэрищІэм къыхэкІыу, щІэпхъаджащІэхэм зэдзэкІакІуэ яхуэхъуа Луни Марирэ совет тІасхъэщІэхымрэ я гухэлъым гъуэгу имыгъуэтыфу, зэфІокІуэдри, илъэс бжыгъэшхуэ дэкІа нэужь, зэхуозэж, тІуми ныбжь яІэу, зауэри иухауэ. Режиссёрым упщІэ игъэув хуэдэщ: сыт гъащІэм щынэхъапэр? Уи Хэкур пхъумэныр, хьэмэ узэгуэкІуа цІыхум насып дэбухуэныр ара? Жэуапри хьэзырщ: Мари и кІэм щІэпхъаджащІэхэм яукІыж, щыхьэту къапэувынкІэ мэшынэри. Фильмым еплъым и гур имыкъутыхьыпэу къыщІызэтенэр цІыхубзым и пхъум и ролри Белохвостиковэм зэригъэзащІэрщ.

«Фильмыр хьэзыр хъуа нэужь, Ираным щыщ гуэрхэм делъэІури, зэдзэкІакІуэм и ролыр зыгъэзащІэ Белохвостиковэм и персыбзэм едгъэдэІуат, - ягу къагъэкІыжырт режиссёрхэм. - АпхуэдизкІэ ягу ирихьат я нэгу щІэкІари, Тегеран щытраха я гугъащ. «Дэнэ бзэр апхуэдэу фІыуэ щызригъэщІар?» - жаІэурэ щІэупщІэхэрт». Белохвостиковэм и адэр дипломату, и анэр зэдзэкІакІуэу зэрыщытари зыгуэру Іуэхум къыхуэщхьэпагъэнщ.

Дахагъэм дунейр къригъэлынущ жызыІа Достоевскэм и гупсысэр мы лэжьыгъэми епхьэлІэфынущ. А Тегеран щызэІущІа лІыщхьэхэм я къэралхэм щыщ актёрхэм я акъыл зэтрагъахуэри, тепщэхэр зэгурыІуэным, мыхъумыщІагъэ зезыхьэм узэкъуэту упэщІэтыным и мыхьэнэри къагъэлъэгъуэфащ. «Лъэпкъ зыбжанэм къыхэкІа актёрхэр, зым и бзэр адрейм къыгурымыІуэрэ пэт, зэгурыІуэу зэдэлэжьащ, зы бзэ яІэныр зэрымыІэмалыншэр ядэплъагъуу», - жаІэж фильмыр зыгъэувахэм.

Хъыбар щхьэхуэ хуэфащэщ ищхьэкІэ зи гугъу щытщІа Азнавур и уэрэдым. Лъагъуныгъэ уэрэд а фильмым хэтын зэрыхуейр, дауи, зи щхьэм къиихьар режиссёритІрат, ауэ ар Азнавур и пщэм дамылъхьамэ, дунейпсо гъуазджэр а уэрэд дахащэм хэкІыжат. И псалъэхэр зэхэзылъхьар Азнавурщ, макъамэр зытхар Гарваренц Жоржщ. Фильм хьэзырыр ирагъэлъэгъуа нэужь, иужьрейм занщІэу макъамэр къигупсысащ. Азнавур ар зэхихат, фильмыр зэрекІуэкІри жраІэжат, ауэ Белохвостиковэр зригъэцІыхуа нэужьщ «Мы мадмуазелым папщІэ зэхэслъхьэнущ а уэрэдыр» щыжиІар. Уэрэдусым псалъэхэр къигупсыса къудейкъым, езы уэрэдыр дахащэу игъэзэщІащ. ИужькІэ концерт итыху, Матье Мирей и гъусэу концертым и кІэ дыдэм хуигъазэу щытащ. «ЛъагъуныгъэкІэ гъэнщІа гъащІэ» уэрэдыр иныкъуэхэм «МыкІуэдыжын лъагъуныгъэ» цІэр фІащауи урохьэлІэ. Зауэ ирехъу, нэгъуэщІ щхьэусыгъуэуи щрет, насыпыр здынэсыфыну лъагапІэм зэрынэмысырщ фильмри уэрэдри зытеухуар. ИтІани, абы и фІыгъэкІэ цІыхум гъащІэр худох. «ЗызымыщІэж гум къимыкІыфа, гузэвэгъуэмрэ нэпсымрэ хэкІуэдэжа защІэщ лъагъуныгъэм и псалъэ псори. А зыращ екІуэлІэжыпІэу къахуэнэр фІы псори зыфІэкІуэдахэм», - къыщыхокІиикІ гъащІэм пикІуэта цІыхупсэ хейр Азнавур и уэрэдым. Ауэ езы гъащІэм мыхьэнэ гуэр иІэу къыпфІэзыгъэщІри ар зытеухуам яхуэдэхэрщ.

«Махуэку» къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ.

УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Урысей Федерацэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэрал саугъэтым и лауреат, КъБР-ми КъШР-ми я цIыхубэ артист, композитор Даур Аслъэн къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу



Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа

Композитор, дирижёр, егъэджакIуэ, публицист, IуэрыIуатэдж, жылагъуэ лэжьакIуэ Даур Аслъэн Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ Хьэбэз къуажэм къыщалъхуащ 1940 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м. Иджыри сабийуэ ар дахьэхащ адыгэ хъыбарыжьхэм, «Нарт» IуэрыIуатэм, цIыхубэ уэрэджыIакIуэхэмрэ музыкант цIэрыIуэхэмрэ я IэдакъэщIэкIхэм, лъэпкъ хабзэхэр зэрагъэзащIэм, хьэгъуэлIыгъуэхэм щилъагъу къафэхэм.

КЪУАЖЭМ, районым къыщызэрагъэпэща самодеятельностхэм щыжыджэрт, накъырэ епщэрт, бэрэбанэ еуэрт. Курыт еджапIэм щеджэу, республикэм и къэфакIуэ ансамблым и бэрэбэнауэу, ар хэтащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс щиплI зэрырикъум и щIыхькIэ 1957 гъэм Москва щрагъэкIуэкIа гуфIэгъуэ Iуэхухэм. Абы щилъэгъуахэмрэ щызэхихахэмрэ, композитор цIэрыIуэ Мурадели Вано епсэлъа нэужь, гурыIуэгъуэт Аслъэн макъамэншэу зэрымыпсэуфынур икIи быдэу игу ирилъхьат ар IэщIагъэ ищIыну.

Даурым и хъуэпсапIэр куэд мыщIэуи къехъулIащ. Ставрополь къалэм дэт музучилищэм и дирижёр къудамэм щIэныгъэ щызрегъэгъуэт (абы щыгъуэ Черкесск къалэм апхуэдэ еджапIэ дэтакъым). ИужькIэ къеух Москва щыIэ консерваторэм и композитор къудамэри аспирантурэри.

Музыкэ училищэм щIэсу, хорым и дирижёр IэщIагъэм къыдэкIуэу, уэрэд зэхэлъхьэнми и зэфIэкI щоплъыж. Композитор щIалэм и япэ IэдакъэщIэкIхэр радиом щрегъэтх, занщIэуи ахэр цIыхубэм япхъуатэ. Япэ ехъулIэныгъэхэм Аслъэн дамэ къытрагъакIэри, езым къызэригъэпэщауэ игъэлажьэ студент лъэпкъ ансамблым жыджэру хуотхэ.

Зэчиишхуэ бгъэдэлъу Тхьэм къигъэщIат Аслъэн. Абы и щыхьэтщ курыт еджапIэм къыщыщIэдзауэ аспирантурэм щыщIэкIыжу псори диплом плъыжькIэ къызэриухар. Консерваторэм и ещанэ курсым щеджэу, композитор цIэрыIуэ Свиридов Георгий Даурым зэфIэкIышхуэ зэрыбгъэдэлъым гу къылъитэри, абы и жэрдэмкIэ, Урысейм и Композиторхэм я союзым хагъэхьауэ щытащ. Апхуэдэу къыщыхъур закъуэтIакъуэххэт.

Консерваторэр къиухыу къигъэзэжа нэужь, Аслъэн Черкесск къалэм дэт Музыкэ училищэм и унафэщIу икIи егъэджакIуэу илъэс зыбжанэкIэ лэжьащ. Композиторым и къалэмыпэм къыщIэкIащ жанркIэ зэтемыхуэ макъамэ тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд. Абыхэм яхэтщ симфоническэ, камернэ произведенэхэр, хорымрэ оркестрымрэ папщIэ итха ораториехэр, музыкэ Iэмэпсымэ зэхуэмыдэхэм папщIэ иусахэр, сабий уэрэдхэр.

Аслъэн пщIэшхуэ зэриIам, дзыхь кърагъэзу зэрыщытам и щыхьэтщ Ставрополь крайми Къэрэшей-Шэрджэсми я Композиторхэм я зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэу зэрылэжьар, ди республикэм и Композиторхэм я союзми зэрыхэтар.

Макъамэр зи псэм хэлъа, музыкэ гъуазджэм и лъагапIэм нэсыфа Даурым хузэфIэкIащ дуней псом щикъухьа адыгэхэр зэкъуигъэувэн. Аслъэн ноби ящыгъупщэркъым и ныбжьэгъуу, и лэжьэгъуу, ар зыцIыхуу щытахэм. Аслъэн ар къилэжьащ и лэжьыгъэмкIэ, и зэфIэкIхэмкIэ, и цIыхуфIагъымкIэ, хьэл-щэн, гъэсэныгъэ дахэмкIэ. Адыгэр дызэрыгушхуэ, ди лъэпкъым къигъэщIа уэрэдыжьхэр щIэблэм я деж нэхьэса зэрыхъуным телажьэу къэгъуэгурыкIуа цIыху гъуэзэджэр къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу абы теухуа гукъэкIыж гуапэхэмкIэ дывдогуашэ. Нобэрей ди тхыгъэм и курыхри Даур Аслъэн хужаIахэрщ.

Зэуэ Iуэху куэдым зрипщытырт

ЦIыхум ущыдэлажьэкIэ, махуэ къэс ущызэрылъагъукIэ - игъащIэкIэ апхуэдэу екIуэкIыну къыпфIощI. Ар щIыжысIэраши, хэт и гугъэнт Аслъэн апхуэдэу зэуэ зэпсэу тхэкIыжыну?

ДЭ, профессиональнэ композиторхэр, куэд дыхъуркъым, цIыху зытхухщ. Аслъэн дунейм щехыжам щыгъуэ шэуэ къыттехуат икIи хуабжьу зыхэтщIат. Щхьэх, езэш жыхуэпIэр имыщIэу лъэпкъ щэнхабзэм, гъуазджэм хуэлэжьа цIыхущ Даурыр. Сэ езыр сыкъапщтэмэ, макъамэ стхыну сыщетIысылIэр си гум сыкъыщрихуэкIым дежщ. Аслъэн аратэкъым - мыувыIэу лажьэрт, макъамэ телъыджэхэри щIэх-щIэхыурэ къигъэщIырт. ГъэщIэгъуэнракъэ, сыт хуэдэ Iуэху иужь ихьэми, сыт хуэдэ жанрым зрипщытми, псынщIэу, гугъу лъэпкъ демыхь къыпщыхъуу, къехъулIэрт. Ар зэчиишхуэ зыбгъэдэлъхэм я нэщэнэу къыщIэкIынщ. Языныкъуэ творческэ цIыхухэм ядыболъагъу е ядыбощIэ мыпхуэдэ Iуэхугъуэ: зыгуэрым макъамэ телъыджэ и Iэдакъэ къыщIэкIамэ, апхуэдэм гукIэ щыхужаIэ щыIэщ: «ЕIым-еI, сэ сымытхыу абы дауэ хузэфIэкIа ар?» Аслъэн абы теухуауэ гу къабзэт. Хэт сыт хуэдэ IэдакъэщIэкIыфI къехъулIами, ар зейм зэрыхуигъэдэхэным, зэригъэгушхуэным иужь итт. Къапщтэмэ, сэ стеухуауэ тхылъ цIыкIу гуэр къыдэкIат зы гъэ. Аслъэн абы рецензэ хьэлэмэт хуитхащ, сигу къэмыкIыххэу. Си щхьэр лъагэу сигъэлъагъужат, игъащIэм зыгуэрым сэ стеухуауэ псалъэ IэфI, псалъэ дахэ жиIамэ, етIуанэт. Илъэс 50 сыщрикъум аргуэру тхыгъэ купщIафIэ сэ стеухуауэ газетым къытрыригъэдзат.

Ар сыт щыгъуи пIащIэрт псэуну. Iуэху куэдми зэуэ зрипщытырт. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, псори и кIэм хунэгъэсакъым. Языныкъуэхэм дежи къызгуры мыIуэу сегупсысырт: «Ди ныбжьэгъум псори зэуэ зэфIиудыну щхьэ хэт?» - жысIэу. Дауи, дэ къыдгурымыIуэ зыгуэр хэлъащ абы и дунейм. И псэм къи щIауэ къыщIэкIынт гъащIэ кIыхь зэримыIэр.

ЖЫРЫКЪ Заур, *композитор. 2010 гъэ.*

И псэм ещхьу, и уэрэдхэри нэхут

ЗЫ ПЩЭДДЖЫЖЬ гуэрым, журналист зытIущ дыхъуу радиом и бжэIупэм дыуэршэру дыздыIутым, зылI лъахъшэ гуэр къыдбгъэдыхьэщ, гуапэу ди Iэр къиубыдри лэжьапIэм щIыхьащ.

- Хэт ар? - жызори, соупщI оператор Iэщнокъуэ Николай.

- УмыцIыхуу ара? - жэуап къызетыж абы, - Даур Аслъэнщ.

- Композиторри?

- НытIэ.

Дауи, езым зэи сыхуэмыза щхьэкIэ и уэрэдхэмкIэ ар зыкъом щIауэ сцIыхурт.

- Ди деж къэуващ, - пищащ Николай, - хорым и художественнэ унафэщIу.

Аслъэн езыр цIыху нэIурытти, махуэ зытIу нэхъ дэмыкIыу нэIуасэ дызэхуэхъуащ. И лэжьыгъэр апхуэдизкIэ фIыуэ илъагъурти, абы махуэл иIэтэкъым - щэбэтми тхьэмахуэми къакIуэрт радиом. Лэжьэгъуэ махуэхэм хорым дэлажьэрт, зэчий зыбгъэдэлъу къилъытэ хъыджэбз уэрэжыIакIуэ гуп зэхуишэсауэ, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм игъасэрт. «Дахэнагъуэ» фIищри, ансамбль цIыкIу къызэригъэпэщат. Уеблэмэ ар цIэрыIуэ хъури, щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ концерт щату зэтеуват.

Аслъэн апхуэдизкIэ шэщIауэ лажьэрти, махуэхэр къэгъэнауэ, сыхьэтхэр хурикъуртэкъым. ЗыщIыпIэ къыкIэрыху фIэкIа умыщIэну, сыт щыгъуи пIащIэут къызэрикIухьыр. Ар зэрыцIыху псэ къабзэр, зэрыхьэрэмыгъэншэр, и щхьэм иримыпэсыр нэгъуэщIым зэрыхуимыгъэфэщэнур хьэкъ ящыхъуат радиом щылажьэхэм. Ар зэзэмызэ фIэкIа яхэплъэгъуэнутэкъым кIэлындорым е лэжьапIэ бжэIупэм щыуэршэрхэм. Хэт сыт хуэдэ IуэхукIэ къелъэIуми, хузэфIэкIынумэ, хуэгъэщIэхъуртэкъым. Нэхъыбэу зыкъыхуэзыгъазэр я усэхэм макъамэ щIрагъэлъхьэну арати, тхыгъэр игу иримыхьыщэми къаIихырт, усэм нэхъ хэзыщIыкIхэм яритырти, зэрагъэзэхуэжа нэужь, макъамэ къыхуигъуэтырт.

Даурым нэхъ и ныбжьэгъуфIу щытахэм, и гурыгъу-гурыщIэр зыдигуэшу иIахэм ящыщщ макъамэмкIэ редактору адыгэ къудамэм щылэжьа Къардэн Хьэсэн. Зы анэ къилъхуа зэкъуэшым хуэдэт а тIур. Зым сыт хуэдэ Iуэху иIэми адрейм дигъэпсынщIэрт. Аслъэн и закъуэу псэурти, залымыгъэкIэ жыхуиIэм ещхьу, Хьэсэн и унэ ишэурэ шэджагъуашхэ зэдащIырт.

Аслъэн нэхъ и ныбжьэгъуу къилъытэ щIалэ зытхух и лэжьапIэ пэш зэв цIыкIум зэгуэрым дыщIишэри къыдэлъэIуащ: «КхъыIэ, Iуэху сиIэщи, шэджагъуэм деж «Урысей» хьэщIэщ щIыхьэпIэм деж фыкъыщыспэплъэ». ЖыхуиIа зэманым дызэхуос. «Нобэ сыкъыщалъхуа махуэщи, тIэкIу дызэбгъэдэсынщ жысIэри арат сыщIыфхуейр», - жери а щIыпIэм пэгъунэгъу «Индыл» кафем дешэ. Сыхьэт, сыхьэтрэ ныкъуэ хуэдэкIэ дыщысауэ, дыкъэтэджыжын ипэ къихуэу, Аслъэн хъуэхъур къылъос. Псалъэ дахэ куэд зэрыхужытIам щхьэкIэ фIыщIэ къытхуещIри, пещэ: «Мы дунейм сэ нэхъ хъуэпсапIэ ин дыдэу сиIэр «Шэрджэсыр, Адыгейр, Къэбэрдейр зы дыхъужауэ слъагъунырщ...»

ГъащIэ жыхуаIэраши, абы щызэпыщIащ гуфIэгъуэри нэщхъеягъуэри. Зы махуэ гуэрым хъыбар къоIу «Аслъэн сымаджэщым щIэлъщ» жари. ЕтIуанэ махуэм къалэ сымаджэщым докIуэ Бжэныкlэ Мухьэб, Тэтрокъуэ Астемыр, сэ. Даурыр зыщIэлъ пэшым дыщIыхьэу абы сыщыIуплъам, пэжыр жысIэнщи, си гур къиузыкIащ: ди ныбжьэгъум и фэр гъуэжьыбзэт. Абдежым къызгурыIуащ абы мыхъужын уз къызэреуэлIар, итIани «сыщыуэу Тхьэм къыщIигъэкI» жысIэрт сигукIэ. Ауэ, гъэщIэгъуэнракъэ, езы Аслъэн нэщхъейтэкъым, уеблэмэ нэжэгужэт. Сымаджэщым зэрыщIэлъым хуэдэу лажьэрт. Бэрэбэнауэ цIэрыIуэ Ало Арсен теухуауэ тхыгъэшхуэ трыригъэдзат «Кабардино-Балкарская правда» газетым. Хэт и гугъэнт афIэкIа Аслъэн псэууэ дымылъагъужыну - цIыхубзхэм я махуэшхуэм, гъатхэпэм и 8-м, дунейм ехыжащ илъэс 59-м нэмысауэ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм музтеатрым и бжэIупэм автобусышхуэм из хъун дыщызэхуэсри, дыкIуащ Черкесск къалэм. Абы щызэхэша пэкIум иужькIэ аргуэру автобусым дитIысхьэжри дунэтIащ ХьэбэзкIэ - Аслъэн щыщIалъхьэжащ къыщалъхуа къуажэм. Абы цIыхуу щызэхуэсам щIэи гъуни иIэтэкъым...

ГъащIэшхуэ имыIами, зэи мыкIуэдыжын Iэужь узыншэ къызэринэкIащ композитор гъуэзэджэм. Абы иуса уэрэд дахэ къомым я гугъу умыщIи, и Iэдакъэ щIэкIащ Къэрэшей-Шэрджэсым и гимныр, Дунейпсо Адыгэ хасэм и гимныр.

Иужь илъэсхэм Аслъэн щылэжьари щыпсэуари ди республикэрами, абы пщIэ щигъуэтар Къэрэшей-Шэрджэсырщ. Даурым и фэеплъ щагъэуващ Черкесск къалэм, абы и цIэр фIащащ а къалэм дэт щэнхабзэмкIэ колледжым.

МЫЗ Ахьмэд, *радиожурналист.*

Си гъуэгугъэлъагъуэ

Аслъэн си егъэджакIуэт, си гъуэгугъэлъагъуэт. «Дахэнагъуэ» ансамблым хэта хъыджэбз гупым хуабжьу ар къыдэлIэлIащ.

АСЛЪЭН и гуапагъымрэ и псэ хьэлэлагъымрэ щIэи гъуни иIэтэкъым. ЦIыхугъэшхуэ хэлът. И гъэсэнхэм зэи къыттеплъэкъукIыртэкъым. Репетицэхэм сыт щыгъуи жэуаплыныгъэшхуэ хэлъу бгъэдыхьэрт. Сэ нэхъ къызэлIалIэрт, и уэрэдхэр згъэзэщIэну нэхъыбэри дзыхь къысхуищIырт. УэрэджыIакIуэ къысхэкIыну къызэрысщыгугъыр сщIэрти, сэри слъэкI къэзгъанэртэкъым. Аслъэн макъамэм и жанр псоми хуэIэрыхуэу зэрыщытар абы и творчествэм щыгъуазэхэм ящIэ. Адрей псоми я гугъу сщIынкъыми, абы щIэрыщIэу итхыжа, псэщIэ зыхилъхьэжа адыгэ цIыхубэ уэрэдыжьхэм уасэ яIэкъым.

Езыр мыпсэужми, псэущ Аслъэн и макъамэхэр, и уэрэд телъыджэхэр. Ахэр щоIу адыгэ здэщыIэ дэтхэнэ щIыналъэми. Абы и уэрэдхэр, и макъамэ хьэлэмэтхэр зэи жьы хъунукъым, зэманми хуэгъэулъиинукъым.

... Зы гъэ, Даурым и фэеплъу пшыхь къызэрагъэпэщауэ, срагъэблэгъат композитор щэджащэр къыщалъхуа Хьэбэз къуажэм. А пщыхьэщхьэм згъэзэщIат Аслъэн и уэрэд зыкъом. Абы щыгъуэ къызата удз гъэгъа Iэрамэхэр щызгъэтIылъащ езым и фэеплъым деж.

ТХЬЭГЪЭЛЭДЖ Светланэ, *уэрэджыIакIуэ.*

● Тхылъыщ1э

УзыIэпашэ, ущIаупскIэ

Гур зыIэт тыгъэ щIэщыгъуэкIэ лъэпкъ щэнхабзэм и утыкум мы махуэхэм къихьащ КъБР-м и ЗэхуэхьэсакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, тхылътедзэ, «Адыгэ тхылъ» интернет тыкуэныр зыгъэлажьэ Тхьэкъуахъуэ Iэуесрэ КIуэкIуэ Мурат зи унафэщI «СредаБук»-мрэ. Зи гугъу тщIыр щIалэхэм я жэрдэмкIэ къыдэкIа «Гущэхэпхэ» тхылъырщ.



«СРЕДАБУК» тыкуэным и хъыбар мызэмытIэу «Адыгэ псалъэм» и напэкIуэцIхэм къытехуауэ щытащ, тхылъым и пщIэр къызэриIэтыжыр, щIалэгъуалэр еджэным зэрытригъэгушхуэр къыхэдгъэщу. «Гущэхэпхэ» тхылъым а щытхъур нэхъри егъэбагъуэ, сыту жыпIэмэ, тыкуэным хуэм-хуэмурэ тхылъ тедзапIэ хъуным «зыхуеуэзэд», абыкIи чэнджэщэгъу хъарзынэ хуохъу тхылъ зэхуэхьэсыжыным, пщIэ нэхъ зиIэхэр къыдэгъэкIыжыным елэжь зэпыт, лъэпкъ щэнхабзэм епха Iуэхухэм хуэжыджэр зэхуэхьэсакIуэ Тхьэкъуахъуэ Iэуес.

Зи гугъу тщIы тхылъым и хъыбар япэу дыщрихьэлIар «СредаБук»-м и телеграм напэкIуэцIырщ. «Иужьрей мазиплIым дызэлэжь проектым нэхъ убгъуауэ и гугъу фхуэтщIыну дыхуейт, - закъыхуигъэзауэ щытащ щIэджыкIакIуэхэм КIуэкIуэ Мурат. - Ар пасэрей адыгэ гущэкъу уэрэдхэр щызэхуэхьэса тхылъырщ. Сабийхэр щагъэгъуэлъыжкIэ анэхэм жаIэ хабзэ уэрэдхэм нэмыщI, абы ихуэнущ нану къалъхуагъащIэм и япэ лъэбакъуэм епха дауэдапщэхэмрэ хабзэхэмрэ ятеухуа Iыхьи. Лъэпкъ щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэу къэлъытапхъэ мы Iуэхугъуэр дымыгъэкIуэдыжынырщ ди плъапIэ нэхъыщхьэр».

Жинт Iув зытелъ, сурэткIэ гъэщIэрэщIа, напэкIуэцI 32-рэ хъу тхылъыр Iыхьэ зыбжанэу зэхэтщ. Абы и купщIэр нэгъэсауэ зэпкърех тхылъым и пэублэм: «ЦIыхуи лъэпкъи щыIэкъым, езым и хабзэхэм темыту, щхьэрыхь къудейуэ псэууэ. Лъэпкъ къэси езым и хабзэ иIэжщ. Хабзэр цIыху къэс, унагъуэм, лъэпкъым я напэщ, я набдзэщ, я бзыпхъэщ, я нэмысщ, я гъуазэщ. Лъэпкъым хабзэфI иIэмэ, узыншэщ, щIэблафIэщ, къэкIуэну махуэ иIэщ».

ЩIалэ цIыкIухэми пщащэ шырхэми яхуэха гущэкъу уэрэдхэм нэмыщI, тхылъым ихуащ «хабзэ кIуэдыжа» зыхужыпIэфыну дауэдапщэхэм епха пычыгъуэхэри. Псалъэм папщIэ, хэт щыгъуазэр «фыз лъхуа хьэнтхъупс» жыхуаIэу нысащIэм хуагъэхьэзырым и щIыкIэм? Хьэмэрэ «гущэщIэхьэ» е «гущэтелъхьэ» хуэдэ дауэдапщэхэм я зэфIэхыкIэр зыщIэж куэд щыIэ? Нобэ Iэтауэ ирагъэкIуэкI гущэхэпхэхэм ахэр хагъэхьэжынкIи мэхъу мы тхылъым и фIыгъэкIэ. Абдежми къыщымынэу, пасэрей хабзэхэм нану къалъхуагъащIэхэр къызэрыхьуа унэм зэрырапхыр щынэрылъагъущ мы тхылъым. Хэт ищIэрэ, щIэблэщIэр нэхъ псэ махэу къыщIытфIэщIым апхуэдэ щэху гуэр хэлъынкIи мэхъу.

Нобэрей адыгэбзэм и щытыкIэм щытепсэлъыхькIэ, псоми зы жьэу ягъэкъуаншэр анэдэлъхубзэ зыIурымылъыж, зи нэпс къудамэ къежэха сабийм занщIэу телефоныр IэщIэзылъхьэ анэхэрщ. Дауи, псори апхуэдэ защIэу щытамэ, лъэпкъыр и щхьэм хуабжьу щIэтIэхъуэнут. ФIыр нэхъыфIыж ищIын, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэм щIэгъэкъуэн хуэхъун папщIэ, мы тхылъ цIыкIур егъэлеяуэ щхьэпэнущ. Зытепсэлъыхь Iуэхугъуэр къэгъэнауи, «пасэрей гущэкъу уэрэд» щыжыпIэкIэ, уи нэгу къыщIэувэр IэфI зыщIэлъ, иджыри зи къару щIэмыкIа адыгэбзэжьырщ. Уеблэмэ макъами ежьуи хуейкъым, нанур жейм хригъэлъэфэн папщIэ, мыхуабжьыщэу, итIани, узрагъэдаIуэу, узыIэпашэу, ущIаупскIэу зэхэлъхьа уэрэдхэм:

Лэу, лэу, лэу, си щIалэ,
Лэу, лэу пщIыркъэ, си щауэ.
Уи анэр гуфIэ щумыгъащIэ,
Уи адэ гуфIэу къегъэкIухь.
Хьищэ-бгъищэ зыхуапI,
БацэпIэм хагъэфIыкI.
Лэу, лэу, лэу, си щIалэ,
Лэу, лэу пщIыркъэ, си щауэ.

Псалъэхэм я нэхъ лъапIэщ «зи адэм хуэдэ хъужын» щытхъукIэ иуххэу, унагъуэм и къарур зэзыгъэуIу, нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ я зэхуакум дэлъ лъэмыжыр зыгъэбыдэ хъуэхъу курыххэр.

Тхылъыр къыдэзыгъэкIахэм фIыщIэ хуащI чэнджэщэгъурэ IуэхущIэгъу яхуэхъуахэу Авидзбэ Саидэ (сурэтхэр), Махтибеков Мухътар (дизайн), уэрэдхэр зэхуахьэсыжынымкIэ къадэIэпыкъуа ди лэжьэгъу Табыщ Мурат, чэнджэщ щхьэпэкIэ къадэгуэша Аброкъуэ Беллэ, Щхьэбацэ Маринэ, Шыбзыхъуэ Астемыр сымэ.

Гулъытэ щхьэхуэ яхуэфащэщ мы тхылъыр къыдэкIыным зи сом хэзылъхьа цIэимыIуэ псапащIэхэм, дэтхэнэ зыми и гуащIэдэкIыр хьерыфIэ ухъу. Тхылъыр ящэн щIадза къудейщ, «СредаБук», «Адыгэ Тхылъ» тыкуэнхэм къыщывгъуэтынущ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Тэрчыр Псынэдахэм лъэщIохьэж

● Футбол

Щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ щыIа Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм хыхьэ зэIущIэхэм Псынэдахэ и «Родник»-р хэтакъым. Ар къигъэсэбэпри, «Тэрчыр» абы турнир таблицэм щылъэщIыхьэжащ.

ИДЖЫ «Тэрчымрэ» «Родник»-мрэ я очко бжыгъэр зэхуэдиз хъуащ - дэтхэнэми 33-рэ иIэщ. АрщхьэкIэ джылахъстэнейхэр япэ ирагъэщ езыхэр щызэхуэзам зэрытекIуам къыхэкIыу. ЗэIущIэу ирагъэкIуэкIахэмкIи ахэр зэхуэдиз хъужащ.

Республикэм и чемпионыгъэр зыIэщIэлъ «Родник»-м зэхьэзэхуэм и мыгъэрей дыщэр зыIэрыгъэхьэнымкIэ иджыпсту и хьэрхуэрэгъу лъэщщ «Тэрчымрэ» «Искра»-мрэ. А тIури джэгугъуэ блэкIам бжыгъэшхуэ зэщхькIэ, 7:0-у, къапэщIэтахэм ефIэкIащ. Абы щыгъуэми джылахъстэнейхэм Бубугент къикIа «Логоваз»-р я стадионым щыхагъэщIамэ, алътуддэсхэм ар Аргудан щыIэу къайхъулIащ. Иджы а тIур бадзэуэгъуэм и 27-м «Искра»-м и стадионым щызэIущIэнущи, икъукIэ джэгугъуэ хьэлэмэт къызэрытпэплъэм шэч хэлъкъым. Абы иужькIэ псынэдахэдэсхэм я хьэрхуэрэгъум зы хэщIынкIэ хъунущ.

Зи гугъу тщIа зэIущIитIым къищынэмыщIа, адрейхэм бэнэныгъэ гуащIэ щекIуэкIащ икIи зы топ закъуэщ зэпэщIэтахэр зэрызэщхьэщыкIар. Хьэлэмэтращи, текIуэныгъэр зыIэрыхьар сыт щыгъуэми хэгъэрейхэращ. Апхуэдэу, бжыгъэ зэщхькIэ, 2:1-уэ, «Малка»-р «Спартак-Д»-м ефIэкIащ, «Псыгуэнсум» «Черкес»-р хигъэщIащ. Мыгъэрей зэпеуэм зэ фIэкIа щытемыкIуауэ адрей псоми къыщыхагъэщIа «Урыху» командэм Ислъэмей къуажэм зыкъыщызэкъуихащ икIи хэгъэрейхэм я гъуэм топиплI дигъэкIыфащ. АрщхьэкIэ, я очко бжыгъэм хагъэхъуэн папщIэ ар яхурикъуакъым. ИкIэм-икIэжым, аргуэру фIахьауэ джэгур иухащ.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм зыми зыщихъуэжакъым. Тэрчдэс Iэщын Аслъэн пашэныгъэр зэриIыгъщ, мыгъэрей зэхьэзэхуэм 15-рэ къыщыхэжаныкIауэ. Зы топкIэ абы къыкIэрохху «Родник»-м щыщ Урысбий Ратмир.

Адэкlэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Малка**» (Малкэ) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **2**:**1**, «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Черкес**» (Шэджэм) - **2**:**1**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Логоваз**» (Бабугент) - **7**:**0**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Урыху**» (Урыху) - **5**:**4**, «**Бедик**» (Аргудан) - «**Искра**» (Алътуд) - 0:7.

Дызыхуэкlуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэнущ: *бадзэуэгъуэм и 26-м* - «Малка» - «Псыгуэнсу», «Ислъэмей» - «Спартак-Д»; *бадзэуэгъуэм и 27-м* - «Черкес» - «Нартан», «Родник» - «Логоваз», «Искра» - «Тэрч», «Бедик» - «Урыху» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Тэрч»**	**12**	**11**	**0**	**1**	**45-5**	**33**
2.	**«Родник»**	**12**	**11**	**0**	**1**	**60-10**	**33**
3.	**«Икра»**	**12**	**10**	**1**	**1**	**43-11**	**31**
4.	«Нартан»	12	6	2	4	39-34	20
5.	«Ислъэмей»	12	6	0	6	33-35	18
6.	«Псыгуэнсу»	12	6	0	6	27-39	18
7.	«Спартак-Д»	13	5	2	6	32-37	17
8.	«Бедик»	13	4	1	8	19-46	13
9.	«Малка»	13	4	0	9	20-33	12
10.	«Черкес»	13	3	3	7	24-38	12
11.	«Логоваз»	12	2	1	9	15-46	7
12.	«Урыху»	12	1	0	11	18-41	3

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.219
Заказыр №1.578
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(1, 4-нэ нап.).*
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.